RARATAN NASKAH JEUNG WARUGA NASKAH

A. Raratan Naskah

Judul naskah	: Wawacan Nabi Yusup
Nomer Naskah	: -
Nu boga naskah	: -
Tempat naskah	: Musieum Geusan Ulun Sumedang
Asal naskah	: -

B. Waruga Naskah

Ukuran naskah	: 18 x 22 cm
Ruang tulis	: 13 x 18 cm
Kaayaan naskah	: Wedel
Jumlah kaca	: 117 halaman
Nomer kaca	: Aya
Basa	: Sunda
Aksara	: Arab
Ukuran aksara	: Sedeng
Warna mangsi	: Hideung
Tapak alat tulis	: Mintul
Tanda baca	: Aya
Kaayaan tulisan	: Eces
Bahan naskah	: Kertas Eropa heubeul bergaris bayang
Cap keretas	: -
Warna keretas	: Bodas semu koneng
Kaayaan keretas	: Kasap
Cara nulisna	: Bulak-balik
Wangun karangan	: Puisi
Eusi carita	: Nyaritakeun lalampahan Nabi Yusup

SAWATARA TANDA BACA DINA TRANSKRIPSI

//…// nya éta tanda garis miring rangkap.

Ieu tanda teh dipaké dina awal, tengah, jeung ahir téks. Tanda garis miring rangkap nu aya dina awal teks nuduhkeun bubuka téks, dina tengah téks nuduhkeun wates kaca dina naskah, sedeng di ahir téks nuduhkeun panutup téks.

1 // BISMILLAHIRROHMANIRROHIM

I. PUPUH DANGDANGGULA (ed.)

1. Bismillahirrohmanirrohiim,
   asma Allah dianggo kawitan,
   sakerung dangdan pamujén,
   puji puja pinunjul,
   tur basmalah éta pinilih,
   pamurwa kautamaan,
   sampurna ning laku,
   supaya tambah berkatna,
   barang lakuna nya ku bismillah,
   sampurna ka utamaan.

2. Tina awit asalna sim kuring,
   ulik kitab nanging basa arab,
   loba- loba anu teu hartos,
   nabi kitab disebut,
   nya éta toraisu majalis,
   eusina warna- warna,
   carita para rasul,
   bareng diilo kapendak,
   nya hiji carita nu leuwih manis,
   kuring datang pikiran.

3. Hayang pareng sim kuring téh nganggit,
   ina basa Arab kana Sunda,
   supaya sami ngahartos,
   jeung hayang maké kagu, (sic!)
   sugan jadi tambah birahi,

moal tunduh anu maca,
nu ngadangu suhud,
meureun beunang caritana,
nu kapetik eusina dina jero ati,
kapuling rasana.

4. Malah mun kapareng sim kuring,
Rék ditambah disambung disumbang,
Diaselan tinu séjén,
Supaya wuwuh patut,
dituruntutkeun supaya jadi sarimbit,
nukil tina kitab kuna,
tunggal tapsir mankul, (sic!)
nyebut jeroning carita,
dibélaan ku sim kuring rugi pikir,
dapon beunang maduna.

5. Ari anu diukir ku mangsi,
lalampahan,
nabi nu utama //
jeung pirang- pirang sadérék, 2
nyaéta nabi Yusup,
putra Yakub Ali wassalim,
nagrina di Kanaan,
Isroil karuhun,
saur sohibul hikayat,
nabi Yakub kagungan dua méswari,
garwa pawarang téa.

6. Anu sepuh namina Nyi putri,
Ratna Déwi Ayu Lia,

wawangi garwaan anu anom,
Radén Rabil Ratna Ayu,
duanana pawarang sami putra si ageung layan,
huyan putra nuhun,
tunggal ti nabi Enoh mencar,
Radén liyah saibu rama jeung rabil,
Diwayuh babarengan.

7. Nabi Ayub nganggo dua gundik,
nu hiji téh nyi Mas Julpah,
Nyi Mas jalhah anu anom,
ti garwa ti garwa anu sepuh,
putrana opat lalaki,
Rimbil anu pangsepuhna jeung Radén Sunanta,
katilu Radén Yahoda,
Radén Hawé anu kaopat putra nabi,
Kakocapkeun Nyi Mas Balhah.

8. Gundik nabi geus putra lalaki,
tilu putra cikalna Bagusdana,
jeung nangtali Ribalon... (sic!) nyi Balhan kacatur
boga putra tilu ti nabi,
Bagus Jajeng Ki Yasjan Ki Usrin katilu,
sigeungkeun nu tilu garwa,
geus putraan mangka pisaur nyi Rabil,
pawarang bungsu téa.

9. geus kagungan putra lalaki,
Radén Yusup disebut ku ramana,
pameget ratuning kasép,
timbalan kanjeng rasul,

Radén Yusup jeung Radén Rabil,
dipaparin ku Allah kaalusan pinunjul,
saparoning mahluk Allah,
malah saur Abu isak Aspara Ibnu,
nabi Yusup mun angkat.

10. Jalan ka nagara Mesir kalangkaheun,
cahaya peunteuna,
tinggurilap dina ...,
dina // tembok gumebyar, 3
ting kolényay tingkaretip,
kana cahyaning kaca,
lamun katojo nuju sarangéng sok kumilap,
éta kitu cahyana téh Yusup nabi,
engké ogé meureun kocap.

11. Catur Déwi Ratna Déwi Rabil,
sanggeus neda,
sang Yusup putra,lami- lami Déwi bobot,
kocap ngowo Ratna Ayu,
langkung- langkung hésé jeung rugi,
gurudag putra medal,
pameget rahayu,
teu lil;a deui putrana samedalna putra ibuna lastari,
mulih ka rahmatullah.

12. Dijenenganan putra Bunyamin,
sababna téh jenengan éta,
margina ibuna maot,
sumangga buru laku,
kacarios gusti yang widi,

maparin hiji tangkal,
kai leuwih alus,
dijadikeun di latarna,
latar bumi nya éta nu kagungan Yakub nabi,
duka naon kenyuna. (sic!)

13. Jeung deui éta tangkal kai,
tiap nabi kagungan putra,
tuluy sirungan kai téh,
putra ageung sareng jangkung,
mun geus panjang si dahan kai,
bareng baé jeung putra,
ngageungan mulus,
ku nabi Yakub di tilas,
dahan kai dianggo teteken paripis,
di pasihkeun kaputrana.

14. Hiji putra hiji dahan kai,
saban- saban putraan,
sirungan salamina kitu baé,
sampé putra sapuluh,
hiji séwang pada nyarangking,
dahan kai iteukna,
bareng nabi Yusup,
dipedalkeun ku ibuna,
tangkal kai eureun heunteuna sirungan deui,
Bunyamin sumawona.

15. Lamun Yusup babarengan ulin,
Jeung sadérék,
Sok diéra- éra,

Rék anjeuna embung léngoh,
Teu nyandak dahan kayu,
Radén Yusup ngaraos isin,
Unjukan // ka ramana, 4
aduh rama kuring langkung,
ku pun lanceuk isin pisan,
wiréhna sadayana pada nyarangking dahana kai iteukna.

16. Margi kitu panuhun sim kuring,
mugi- mugi dahan kayu pasihan,
ting sangetna ahéng téh,
ku hayang saparantos dulur,
ulah isin teuing sim kuring,
leumpang heunteu mawa tongkat,
nabi yakub nyaur,
atuh ama mah teu bisa,
sabab éta teu dahanan deui (sic!) kai ama gé héran.

17. Naha heunteu dahanan kai,
piiteukeun ujang anak ama,
jeung Bunyamin adi manéh,
ayeuna atuh luput,
ujang jiga moal kabagi,
ama geus heunteu bisa,
keukeuh baé radén Yusup,
panuhun heunteu beunang,
dibénjokeun teu beunang dibénjokeun silih-silih
haturan karama.

18. Mugi ama jisim kuring pasih,
neneda ka Allah,

mugi di paparin baé,
dahana éta kayu,
badé itek bagéan kuring,
nabi Ayub ngandika,
sakedap ngajentul,
nyaur sajeroning manah,
ieu budak ti dulurna séjén deui,
kawas moal samanéa.

19. Nabi yakub haripeut tuluy indit,
lajeng abdas tulu solat hajat,
dua rokaat parantos,
lajeng sujud nunuhun,
tacan cengkat sujud mah,
gurudug malaikat,
milik jibril tuluy nyandak,
dahan kai sawarga,
kayu panjang sadedeg nabi,
rupana héjo gumilang.

20. Malak Jibril,
lajeng ngandika ka nabi,
nabi Yakub tuan gera cengkat,
ieu kula turun ageti (sic!) diutus ku yang Agung,
mawa iteuk dahan kai,
eukeur Yusup putra tuan,
hing kayu jamrut // jubarjad ti sawarga, 5
nabi cengkat ningali ka malak jibril,
samar ku cahyaning tongkat.

II. PUPUH ASMARANDANA

1. Nabi Yakub kagét ningali,
   iteukna cahyana gumebyar,
   jumanten gumilang héjo,
   énggal teken ditarima,
   pasihan ti Allah ta'ala,
   di asta ku nabi Yakub,
   di pasihkeun ka putrana,

2. Radén Yusup suka galih,
   réh ayeuna geus kagungan,
   teteken langkung saé,
   inten jamrut sawarga,
   malak jibril heunteu kocap,
   mabur ka langit pingpitu,
   ... les ilang tanpa karana.

3. Nabi yakub mankin asih,
   ka radén Yusup putrana,
   eukeur mah punjuling kasép,
   tur diasih ku pangéran,
   teu meunang putra anggang,
   ti rama radén yusup,
   kulem ogé sok sorangan,

4. saur Wahab Bin Munabit,
   Radén Yusup putrana,
   tujuh taun kacarios,
   kuleum gédéngeun raman,
   tengah peuting ngoréjat kagét ngagilir,

Radén Yusup ngagebeg kawas anu reuwas.

5. ku ramana di tingali,
yén putra ngoréjat gugah,
disérangkeun kanu poék,
geus kitu kacarita,
Yakub dina palinggihan,
linggih ku putra diiring,
Radén Yusup pangpayunna.

6. Nabi Yakub mariksa masing,
Yusup buah ati rama,
ti peuting ujang ku naon,
mana gugah kawas reuwas,
semuna kagét ngoréjat,
Radén yusup nyembah matur,
sumuhun pariksa ama.

7. yaktosna kuring téh ngimpi,
kuring reuwas téh kacida,
ngadégdég ati kuring téh,
kageuingkeun ku impian,
ngimpi ulin wengi- wengi di latar, // 6
jeung sakabéh dulur-dulur,
mawa iteuk hiji séwang.

8. Ti dinya iteuk sim kuring,
sundul ka langit puncakna,
kembang buah tambah gémplék,
dulur- dulur sadayana,
ningali sami kabita,

sadayana tinggapiyuk,
nyéblokeun iteuk- iteukna.

9. Luhurna iteuk sim kuring,
sundul ka langit puncakna,
kembang buah tambah gémplék,
dulur- dulur sadayana,
ningali sami kabita,
sadayana tinggapiyuk,
nyéblokan iteuk-iteukna.

10. Nanging teu aya sahiji,
anu nangtung kana lemah,
iteukna anggur ngagalir, (sic!)
dumadakan datang topan,
ngeded ngebak buruan,
angin puyuh ngawut- ngawut,
mabur iteuk sakabéhna.

11. Melesat kabawa angin,
paburantak ka sagara,
iteuk sami ilang kabéh,
sapuluh nu pun kakang téa,
mung nu kuring waluya,
teu rubuh katebak angin puyuh,
malah beuki tambah muncak.

12. Kadangu ku Radén Rubil,
sacarios raina,
lamun peuting tadi ngimpén,
Radén rubil gentrana nambalang nyaur nyentak,

éta omong manéh Yusup,
teu pernah omong nu pyan. (sic!)

13. Ngan pédah manéh hasil,
ku nabi Yakub rama,
jadi boga rasa manéh,
punjul ti lanceuk nya pangkat,
pok ngomongkeun impian,
salaku manéh teu nyebut,
ieu sing ratu sia.

14. manéh gé ganedék aing,
pangatik pangiring gundal,
tukang payung tukang epok,
Radén Yusup héran reuwas,
ningali ka éta rakana,
napsu heunteu puguh- puguh,
tunggu ngahulag ramana. // 7

15. Yahod Samaun Rubil,
geus bubar bareng sadaya,
ka tegal ngarangon embé,
sakabéh ditu damelna,
unggal- unggal poé ariang,
Radén yusup anu kantun,
teu ingkah reujeung ramana,

16. Enggalna nu mangun tulis,
Radén Yusup kacarita,
hiji wengi tuluy ngimpén,
kulem gandengen ramana,

dikira jam pukul dua,
ngoréjat gugah ngajentul,
gabrug ku ramana dirontok,
diseuseup antara socana,
Radén Yusup ku ramana,
bari mariksa gapiyuk,
hé yusup kakasih rama.

17. Buah panon buah ati,
ku naon ujang ngoréjat,
si utun ngoréjat kagét,
Radén Yusup matur ka rama,
hé kersa ama anu mulya,
ajaib putra sinuhun,
reuwas ku gaduh impian,

18. Nabi Yakub lajeng ngalahir,
Ujang ulah reuwas- reuwas,
mo luput impian hadé,
saré deui baé ujang,
ayeuna ulah carita,
hadé tutur isuk-isuk,
kudu saréngéngé medal.

19. Radén Yusup ébog deui,
nanging heunteu kulem tibra,
ngamanhan baé impén,
kacarios isuk geus beurang,
sabudalna putra-putra,
ngagiring kambing ka gunung,
kantun Yusup jeung ramana,

20. Nabi Yakub mesem manis,
mariksa ka putrana,
ngimpi kumaha ujang téh,
pok ujang gera nyarita,
meungpeung heunteu aya jalma,
Radén Yusup // nyembah matur, 8
nuhun pariksana rama,
saleresna sim kuring ngimpi,
ningalian langit dunya,
lawangan kabéh molongo,
terus langit katujuhna sareng bijil cahaya,
moncorong medal ti pintu,
nyaangan saalam dunya.

21. Lauk kabéh katingali,
terus ka dasar- dasarna,
lauk sadayana tembang,
basa nyampeurkeun putra,
bari maca subhana,
tasbéh tahmid basa campur,
ku warna sapirang- pirang.

22. Eta sadayana kaharti,
lauk basana ku putra
nu dianggo tahlil tasbéh,
pada muju ka pangéran,
bari ngaraleut ka putra,
ngagimung lauk di payun,
ngaguruh muji bari suka.

23. Barang sim kuring inget,
kana awak bet gumawang,
ku kuring awas di rérét,
mana gé nganggo solémpang,
awak putra nu hina,
duka ti mana jebulna cunduk,
dongkapna tanpa karana.

24. Meulit dina dada kuring,
istuning wungkul cahaya,
gumilang ngempur cahyana téh,
impian anéh kacida,
nyaangan saalam dunya,
kakara saumur hirup,
ngimpi sakitu terangna,

25. Sulak- siluk rumpal –rempil,
terang sakabéh daratan,
gunung luhur lebak jero,
kacaangan ku salempang,
kabéh warna binatang,
kukumpulan tinggarunduk,
lir ngadeuheusan sri ratu.

III. PUPUH SINOM (ed,)

1. Binatang pada saruka,
kukumpulan semu muji,
ka Gusti Allah ta ala,
ku sagala warni kawi,
ku simkuring sadayana kakuping,

binatang anu jauh – jauh,
pamujina sadayana,
tur bahasana téh kaharti, // 9
sareng bumi aya ditangan kang putra,

2. Sadayana béntang – béntang coplak milepas,
coplak milepas ti langit,
teu lila gejlig deui,
béntang caroplok murubut,
rag –rag paburantak,
mancawura nganan kiri,
geus di handap ngumpulkeun sabatur – baturna.

3. Nyalampeurkeun ka kang putra,
béntang kabéh sami tadim,
dibilang nya sabelas,
béntang nu geudé nu leutik,
béntang sabelas cicing,
di hareupeun kuring sujud,
ditingali sareng bulan,
jeung sarangéngé hormat tadim,
sami sujud sarangéngé hormat tadim,
sami sujud sarangéngé sareng bulan.

4. Nabi Yakub mesem ka putri,
hé ujang mustika ati,
poma ulah cacarita,
impian ujang nu tadi,
ka samaun jeung ka Rubil,
ka sakabéh dulur – dulur,
tangtu tambah dengkina,

kapan baréto geus dengki,
mangsa ujang ngimpi anu katukang téa.

5. Sétan téh ka manusa,
satru kabuyutan leuwih,
waktu Yusup cacarita,
horéng ibu kawalon ngintip,
teu katangen ku nabi,
Nyi Hiya maju ka payun,
kagét nabi ningalan,
rai sumping mésem manis,
sasauran ngimpi naon anu urang.

6. Nabi Yakub ngandika,
ulah sakaomong nyai,
haturan Nyi radén Hiya,
kuring ogé moal teuing,
célémbéng biwir kuring,
miomong anu teu puguh- puguh,
tapi hayang uninga,
naon alamatna ngimpi,
radén Yusup pok deui nyambung maturan.

7. Leres naon alamatna,
éta-éta impian // sim kuring, 10
nabi yakub lajeng ngandika,
Ujang tabir éta ngimpi,
tangtu Gusti Yang Widi,
nyelir kaasih ka Agus,
nyampurnakeun nimatna,
tawih sing ngimpi,

engké ogé meureun ku Ujang karasa.

8. Tapi ujang poma – poma,
kitu deui lian nyai,
ulah pisan dék nyarita,
ka anak urang sahiji,
ka Ki Rubil Nyai,
Nyi mas Hiya mésem nyaur,
Pinaoneun gawéna,
Comél sakaomong kuring,
Heunteu layak nguwarkeun éta rasiah.

9. Enya ogé Nyi Mas Hiya,
nyaur moal ngomong kuring,
dina manah ngunak – ngunak,
ngageret panas tiris,
napsu jeroning galih,
mun kongang mah hayang nubruk,
ngawejétkeun Den Yusup téa,
mangnyerikeun Samaun Rubil,
Nyi mas putra keuheul ngantosan putrana.

10. Nu ngangona teu geura datang,
ngadeg Nyi hiya di pipir,
ngadagoan Rubil,
datang kira wanci asar ahir,
putra –putra sarumping,
ngagiring embé ngaguruh,
dipegat ku Nyi Hiya,
bari kumapang hayang nangis,
garo singsat pokna manéh ngeunah – ngeunah.

11. Nyatu nginum hées tibra,
ulin suka – suka sering,
heunteu gebleg pipikiran,
nambalang radén Rubil,
hé ibu panutan kuring,
na kunaon ibu kitu,
saurna Radén Hiya,
si Yusup geus ngimpi deui,
ngimpi béntang sawelas sinareng bulan.

12. Jeung sarangéngé ku manahna,
sujud nyembah hormat tadim,
labu ku manéh pikiran,
éta matak ngeunah ulin,
coba ku manéh pikir,
ku Radén Rubil ngadangu, // 11
sasauran ibuna,
kuping rahasna disebut,
kekerotan waosna peunteun tamaga.

13. Soca beureum kaya macan,
kumeter sakulit –kulit,
bari nyaur ka raina panon,
poé éta yakti,
kang rama Yakub,
bulan tegesna nya ibu,
béntang sawelas terang,
hartina si anak Rubil,
nyaritakeun manéhna juragan urang,

14. Ari urang anu sawelas,
gandék pangatik pangarit,
kadangu ku Radén Hiya,
sasauran Radén Rubil,
Nyi Hiya suka galih,
bener ibu gé nya kitu, kuma atuh petana,
sulaya (sic!) paya ulah ngajadi,
Rubil matur moal saé diantepan.

15. Yusup ulah dihirupan,
keun ibu kumaha kuring,
manah urah rék salempang,
mo enya bisa ngajadi,
ka Yusup anak Rabil,
urang moal enya sujud,
isuk gé Yusup téh modar,
ti dinya kaliwat prihatin,
Radén Yusup alamat meunang sangsara.

16. Nu matak saur hukum mah,
sing éling tilu perkawis,
ulah némbongkeun tilu rasiah,
ka bojo anu gedé anu leutik,
jeung kaduanana deui,
ulah ngandel teuing saur,
ka maca ieu surat,
katilu matak éling,
ulah pisan mihapé istri ka bujang.

17. ...
... sareng raina,

aya nyiar // akal aya julig, 12
sejana ngarah pati,
rék maéhan Radén Yusup,
kabéh eunggeus mupakat,
Radén Yusup dék paténi,
Kacarita radén Yahod ngandika,

18. Eta maéhan manusa,
dasarna deukeut ka musrik,
panggedé- gedéna dosa,
nyentak ngajawab Radén Rubil,
manusa taya burih,
Ki yahod téh nurus tunjung,
hayang ngajadi kundal,
mumul modaran Bin Rabil,
dosa téa gampang ditobatan.

19. Geus tobat gé dosa ilang,
mo luput jadi salihin,
matur deui Dén Yahoda,
leresna engkang kairing,
nanging sanget manawi,
rempag jeung dulur- dulur,
nya mun tong dipaéhan,
atawa ku pedang keris,
anggur mangga urang gebruskeun baé ku urang.

20. Kana sumur pang jerona,
ahirna mo luput mati,
moal enya bisa hanjat,
ngandika deui Radén Rubil,

omong Yahod geus kapikir,
ku kakang bener nya kitu,
tah kumaha akalna,
digeusaneun urang maling,
bisa leumpang mawa Yusup kana tegal.

21. Radén Yahod matur gancang,
akalna pék urang ulin,
pada mawa tutumbuhan,
di handapeun anak Rubil,
masing rané sareng rapih,
masing katénjo ku Yusup,
kabitaeun manéhna tangtu,
tangtu méga milu ulin,
Rubil nyaur éta adi leres pisan.

22. Sabab terang mo kadinya,
lamun naragal ka nabi,
ngamitkeun Yusup cilaka, // 13
sareng moal enya idin,
gancang – gancang maparin,
dibawa ku urang Yusup,
mun manéh sorangan,
amitan mo enya rugi,
tangtu nurut kahayang si durhaka.

23. Enggalna anu manggung carita,
Yahod samaun Dén Rubil,
Lawiri Balon Bagusdan,
Naptali Yasjar Arubin,
diburuan paselemprung,

warna kaulinan,
diatur ditata baris,
ngabibita Radén Yusup sangkan beunang.

24. papanahan tumbakan,
sawaréh aya anu gatrik,
mutuh ulin ramé pisan,
susurakan tingjarerit,
matak mujarkakeun,
réa budak séjén mikir,
arulin susurakan,
kaulinan warni jinis,
papanahan dialokan ku barudak.

25. Radén Yusup téh ningal,
manahna mingkin birahi,
pok haturan ka rakana,
damel naon engkang Rubil,
kuring resep ningali,
kakara uninga saumur,
Radén Rubil ngandika,
éh rajeun mah kurang manis,
sabab heurin gera lamun ditegalmah.

26. Manahna kidang jeung uncal,
uwung – uwung kasuat,
ku urang diudag –udag,
geus beunang tuluy di peuncit,
urang handapeun kai,
eureun capé manggang lauk,
dahar sawenang –wenang,

Radén Yusup matur deui,
Kuring hayang ngiring engkang sakalimah.

27. Radén Rubil pok ngandika,
Kakang teu kaduga teuing,
mawa si Ujang ka tegal,
sieun di seuseul ku nabi,
ujang kakasih pinunjul,
séjén jeung ka akang,
parandéné hadé teuing,
mun haturan ku ujang ka kanjeung rama.

IV. PUPUH PANGKUR

1. Radén Yusup ngandika,
Ngiring // pisan kumaha kersa engkang rabil, 14
sok mun sareng nabi isuk,
ngiring engkang ka tegal,
hayang terang sukana manéh buburu,
Yusup kumejot manahna,
hayang gera jig baé ngiring.

2. Kawas lain samanéa,
Encep maké panggéndam Radén Rubil,
Tungtuna (sic!) takdir Yang Agung,
kocap putra sadaya,
ngadeuheusan kapayuneun nabi Yakub,
jajar bérés putra sila,
tumunggul tur hormat tadim,

3. Ku nabi Yakub ditingal,

tata putra ngadeuheusan bérés baris,
kawas anu aya maksud,
kang rama pok mariksa,
aya naon kawas anu aya pardu,
Radén Rubil matur nyembah,
Sumuhun pariksa nabi.

4. Abdi awon teu uninga,
rék kang putra Ki Yusup nya éta pun adi,
keukeuh pisan hayang milu,
ka leuweung ameng –amengan papanahan,
manah mencek uncal manuk,
teu meunang di halang –halang,
kuring datang terus pikir.

5. Welas kanu hayang pisan,
wantos budak hayang ulin
mun ku kuring teu digugu,
éta téh nya kumaha,
kabéh – kabéh sim kuring darma piunjuk,
ngiringan kersa kang rama,
haliring nabi ngalahir.

6. Hé Rubil kuma petana,
mun maranéh mawa leumpang Yusup kakasih,
aya pernah panuju,
jeung Ki Yusup buah manah,
sieun teuing maranéh ulin katungkul,
cul Yusup katukang – tukang,
wantu masih budak leutik.

7. Kerewek dirontok macan disasak dihakan di ... , // 15
éta ama sieun kitu,
saur séh Bin Abas,
anu matak nabi anu matak nabi akub nyaur kitu,
sabab simpé ti peutingna,
ngimpén Yusup dibeberik.

8. ku maung sapuluh pisan kop ditéwak digégél dibanting- banting,
di beuweung diremus- remus,
aya sahiji macan,
ngahalangan ka éta nu salapan maung,
Radén Yusup kebat lumpat,
menderan lombang tiguling.

9. Radén Yusup tigurubag,
kana lombang hanteu bisa hudang deui,
maung di luar ngagulung,
koréléng macan mulang,
tilu wengi ti gebrusna,
tigebrusna (sic!) radén Yusup,
kakara bisa kaluar,
nanging teu mulih ka bumi.

10. Ku nabi Yakub kamanah,
boa enya macan rék ngajejewing,
ngarekab ka Radén Yusup,
ari ka sakabéh putra,
tingharuleng héran ngadéngékeun maung,
sok daék nyatuan jalma,
tadina mah teu ningali.

11. Ki Rubil nyembah unjukan,
ulah urang – urang nabi kajisim kuring,
karana ieu Samaun,
lamun datang kaambekna,
heunteu kinten matak kagét liwat langkung,
ngagarowok petak nyentak,
lir gelap ngabedah bumi.

12. Lamun aya anu nyusuan,
ngadéngékeun petak Samaun yakti,
budak rag –rag indung lumpat,
tina tarikna petak,
mun nu euneuh ngadéngékeun ngadadak undul,
sakur anu nyarawaan,
ka petak nyawana bijil.

13. Jeung aya deui Yahoda,
lamun ngambek éta pun adi yakti,
badak gajah dikeremus, // 16
diséwakeun midua,
kaya urang ngabebekeun daun cau,
pimanaeun macan bisa ngerekeb,
badé ngerekeb pun adi.

14. Geus kadangu sadayana,
ku ramana pihatur Bagus Rubil,
teteg manah nabi Yakub,
Dén Yusup maju katengah,
ngadeukeutan ka ramana,
pok mihatur tamsah sadinten isuk mah,
ulah heunteu dipaparin.

15. Kuring leumpang jeung pun kakang,
Nabi Yakub nyaur hé buah ati,
kutan ujang téh saéstu,
suka hayang sorangan hadé pisan,
sangeu (sic!) sapoé isuk,
harita putra buburan,
nabeuh kélék jibrut Rubil.

16. suka bungah tanpa wilang,
Kaya macan lapar dibéré kambing,
Réh geus kaidinan Yusup,
Kocap deui isukna,
Putra ngadeuheusan isuk,
Radén Yusup di dangdanan tamis (sic!),
ti nabi Ibrahim.

17. keur waktu di duruk téa,
tur nganggo tas wadah roti,
jeung daging tas paparin nabi Yakub,
Yakub ti nabi ishak,
Nabi Ishak ti nabi Ibrahim turun,
nya kitu deui komisina,
turunan ti nabi.

18. Gancangna nu mangun témbak,
putra – putra mudal ngiringkeun kambing,
nabi numutkeun ti pungkur,
Radén Rubil énggal megat,
rék kaman gamparan beut ulubiung,
geura muluh baé // gamparan, 17

panas bilih ngangluh nabi,

19. Nabi Yakub lajeng ngandika,
ama pesen manéh masing ati,
éta anak ama Yusup,
sing hadé ngajagana,
mun halabhab geuwat – geuwat béré nginum,
mun lapar béréan dahar,
ulah léngoh manéh Rubil.

20. bisi papanggih jeung bégal,
kajeun embé bikeun ku manéh Rubil,
bisi papanggih jeung maung,
Yusup jaga di tengah,
Radén Rubil ngawangsul semu nu nyungkun,
gamparan ka Yusup putra,
ka abdi pon kitu deui.

21. Cumah saeutik séjéna,
ari Yusup putrana anu dipikaasih,
kameumeut di punjul –punjul,
ari kuring sadayana,
atu dulur ka putra gamparan Yusup,
wajib pernah miara,
Yakub nyaur melas- melis.

22. Hé Ki Yusup anak ama,
sing percaya agus ka akang Rubil,
Radén Yusup nyembah matur,
kuring ngandel kacida,
ka kang raka Rubil Yahod jeung Samaun,

lamun tepung sareng bégal,
jeung maung kuring teu gimir.

23. Yusup dirangkul ku ama,
diciuman digalékan méh nangis,
putra sakabéh geus tuluy,
nabi Yakub di jalan,
ngajajanteng ngadeg di tengah lulurung,
ningalikeun putra di angkat,
sok ingkeun carios nabi.

24. Kocapkeun lampah putrana,
keur satadi ku rama ditingali,
Rubil jeung Radén Samaun,
jiga anu nyaraah pisan,
kadé Yusup barengan,
geus rada jauh top roti // Yusup ditongtok, 18
dicabut ku Radén Rubil.

25. Rahadén Yusup nangkuban,
diawurkeun roti beak ku anjing,
bekelna diawur- awur,
botol cai di buang,
Radén Yusup lampah la Radén Samaun,
kersa hayang ditulungan,
ku Samaun ditampiling.

26. Sang Lawé datang narajang
jeung Ribalon Yusjan dan jad uang tali,
ngarubung pek dihurup,
radén Yusup di tegalan,

dicidukkan di cabok sareng di tumbuk,
nabi Yusup nyaur wales,
na ku naon dosa kuring.

27. Sambatna heunteu di tanggap,
Radén Yusup dikerepuk digaritik,
mun budak urang mah bubuk,
kawas tipung tulangan,
cek mujahil Yusup umur genap taun,
basa keur digebugan,
Dén Yusup kocéak ceurik.

28. Sasambatna kakang tobat,
bisi paéh kuring nyuhunkeun cai,
nyentak Radén Samaun,
Yusup montong sasambat,
hé rasakeun ieu inuman panggebug,
Radén Yusup gegeroan,
duh rama nabi Isroil.

29. Lamun gamparan uninga,
ningal putra diperekpek digitik,
tulung awak kuring bubuk,
rama mun enya tahan,
Dén Yahod ngahalangan Dén samaun,
meunggeus tong digebugan,
kumambang mo luput mati.

V. PUPUH MASKUMAMBANG (ed.)

1. Sasambatna Radén Yusup mundut cai.

sim kuring halabhab,
bisi tuluy paéh kuring,
duh tikoo liwat panas.

2. hantem ba Radén digebuigan nangis,
jerit kocéak,// 19
lumpat moro Radén Rubil,
bari nangis pok engkang.

3. Neda tulung kuring,
hayang teuing cai teu tahan,
halabhab tuluy urang kuring peurih,
tikoro tuhureun panas.

4. Geus teu tahan ku panggebug ku panggitik,
duh tobat Allah taala,
mo luput sim kuring mati,
nanging hayang nginum heula.

5. Teu digugu sasambatna ku Radén Rubil,
anggur nyabut pedang,
bari nyaur pedang aing,
ieu gera inum ku sia.

6. Barang Yusup di sabet ku Rabil,
Pedangna méh jedak,
Radén Yusup nyikikik,
Gumujeng ningali rakana.

7. Randeg Rubil ngandika nangis,
hé Yusup cilaka,

naha sia mana seuri,
ku aing arék dipedang.

8. Ari tadi manéh di gebug ceurik,
aing leuwih héran,
sia nyeungseurikeun aing,
atawa nyeungseurikeun pedang.

9. Radén Yusup matur bari seuri kuring,
lain pisan –pisan nyeungseurikeun kang Rubil,
kuring téh seuri sorangan,

10. Nyeungseurikeun naha mana salah kuring,
sangkan panghareupna,
teu dipikir kuring wani,
teu sieun macan bégal.

11. Sabab kuring ngandelkeun Samaun nangtali,
jeung sakabéh kakang,
réh digjaya pinilih,
kuring réa anu ngajaga.

12. Mana horéng anu bakal maténi,
nu jadi andelan,
ngahuleng rakana dén Rubil,
Ki Yahoda sasauran.

13. Naha kakang pedang diasupkeun deui,
tadi ogé kumaha, // 20
nya omongan tuang rai.
Poma ulah dipahala.

14. saur Radén Yusup upami mumin,
nu réa amalna,
ngandelkeun amal pribadi,
hareup kana loba amal.

15. Heunteu sieun sakarat teu inggis mati,
mo aya manggih naraka,
amal pepek beurang peuting,
pardu sunah lan padilah.

16. Ngajauhkeun haram makruh jinah maling,
tara nginum arak,
sakur amal anu lahir,
dilakonan diitimad.

17. Kaya Yusup ngandelkeun Samaun Rubil,
sabab gagah rongkah,
nu bakal ngajaga diri,
horéng nya éta anu maéhan.

18. Mangga urang malik carita deui,
Rubil sasahuran,
ka Yahod ménta hasil,
kumaha atuh petana.

19. Lamun keukeuh Yusup dipaténi,
nya mikeun kamana,
Radén Yahod matur gesik,
Mendak sumur jero pisan.

20. Nanging jauh engkang ti dinya pasti,
aya dina parsa sahur Rubil,
kajeun teuing,
hayu baé urang bawa.

21. Hanteu lila arangkat Samaun Rubil,
sadérék sadaya,
nyandak Yusup leuwih nangis,
dipahala sajalan –sajalan.

22. Disuntrungkeun ku sawaréh dibeberik,
Dén Yahod nyalira,
nu aya terusna galih,
bati manah teu kaluar.

VI. PUPUH MIJIL (ed.)

1. Sadongkapna ka sumur Radén Rubil,
ujug- ujug nempo,
kana sumur poék mongkléngna,
teu katingali caina saeutik,
ti luhurna leutik,
di handap lir situ.

2. Tur eusina loba ory uling,
buhaya bayong // bong, 21
tur caina leuwih langkung pangsét,
Ki Yahod jeung rai- rai nyadiakeun tali,
pakeun ngulur Yusup.

3. Ki Samaun dangdan cegah cikih,

Yusup dibarogod,
kana beuheung ka handap diparét,
ku Samaun lir sambung sumpit,
sinjangna diirik,
raksukanan di cucul.

4. Ki yahod langkung welas asih,
teu werat rék ngomong,
bati water dina manah baé,
gancangna anu mangut jurit.
diuret ku tali,
Dén Yusup diulur.

5. Radén Yahod nu nyekelan tali,
diulur dialon- alon lalaunan ngulur Radén Yusup téh,
sabab hayang kénéh ningali,
ka Yusup bin Rahil,
Ki Rubil ngaburu.

6. Matek pedang nyentak bengis,
Yahod liwat bodo,
keuheul teuing ati kami jéngkél,
sor kaditu leupaskeun tali,
Yusup males asih,
nangis bari matur.

7. Aduh kakang tangtu paéh kuring,
panungtungan témbong,
kuring ménta cai teu di béré,
éta baé baju kuring,
paparin anu kuring,

paéh pikeun bungkus.

8. Radén Rubil nyentak hé anak rahil,
montong gera –gero,
mun digugu manéh ku aing,
ulah loba ucap teuing,
ku manéh anu kaimpi,
moal enya sujud.

9. Los kabulan jeung matahari,
manéh gedé omong,
jeung béntang sawelas anu kaimpén,
Yusup répéh heunteu ngalahir,
Gancangna ki Rubil,
Motong tali rampung. // 22

10. Nabi Yusup ngoléang ngelewing,
duh matak hawatos,
kersa Allah gusti anu waspaos,
tina jero cai linggirik,
batu gedé bijil,
nampanan ka radén Yusup,

11. Kaya kasur anu pinuh ku eusi,
kapas kapuk kolot,
batu empuk radén gék calik,
nyangkéré hanteu baseuh tur teu nyeri,
kocap radén rubil,
celuk – celuk ka yusup.

12. Kadangueun masih,

Rubil ngagero- gero di walon dei anu nyelukan téh,
Rubil nyentak bengis balahi,
manéh tacan mati,
Rubil nyandak batu.

13. Ditimbulan ku Rubil nangtali,
Samaun Ribalon,
ceuk yahod moal burung paéh,
montong teuing ditimbulan deui,
datang aki- aki ngabuuru ka Yusup.

14. Ngalaanan pangbeungkeut tali,
kabéh morosot,
sarta mawa raksukan cicirén,
turunan ti Nabi Ibrahim,
waktu baheula nabi,
di duruk ku namrud.

15. Sumping nyandak kamis,
timbalan yang manon dina dina seuneu nabi tiis,
radén Yusup pon kitu deui,
dipaparin komis,
nyéta dina sumur,

16. Hanteu baseuh heunteu keuna ku cai,
aki –aki ongkoh,
mawa buah sapirjad sawarga saé,
jeung dalima tuhpahsoh jeung tin,
Yusup jeung aki- aki,
Kinanti dina sumur.

VII. PUPUH KINANTI

1. Radén Yusup dina sumur,
barang tuang suka seuri,
bubuahan ti sawarga,
leuwih manis // sarta rasmi, 23
ari tempat sumur téa,
antara madyan jeung Mesir.

2. Di ardan tempat anu tangtu,
ari ceuk ujar kol sahiji,
antara nagri tobriyah,
jeung antara bumi Kudsi,
éta disisina jalan,
tilu parsen ti kanan,

3. Ari anu ngadamel sumur,
Radén sam putra noh Nabi,
sumur kiyup tiluhurna,
sur cai asin pahit,
barang nabi Yusup dongkap,
cai jadi amis tiis.

4. Aki-aki tunggu yusup,
ti isuk nepi kamagrib,
geus burit pamitan mulang,
Radén Yusup nahan aki,
naha ana arék mulang,
atuh keueung temen kuring.

5. Sorangan dijero sumur,

aki-aki mésem manis,
keueung ujang mun sorangan,
tamba keueung dua aki,
ku Ujang mudu di waca,
bok salah montong didangding.

6. Yaasori laihol mustasrihiina (...) mustapisyiina,
Yaa mi'roja karib makruubiina kodmakaani wata'ripa halun,
Walaa yahpa alaika syaiun min amrihi.

7. Parantos muruk sakitu,
éyang leungit tanpa lebih,
Radén Yusup lajeng maca,
Dua piwuruk anu tadi,
Kersana Allah ta'ala,
Miwarangan urang langit.

8. Malaikat tujuh puluh,
pwarangan turun ti langit,
ngaréncangan anu nyalira,
nya éta ka Yusup nabi,
sareng sukan – sukan tuan,
hanteu mendak prihatin.

9. Kocap Rubil jeung Samaun,
sadérék sadaya julig,
ewuh pikiran perdaya,
buah // wawadul ka nabi, 24
gancangna geus meunang akal,
meuncit hijiembé leutik.

10. Kitu gé embé nu batur,
embéna sieun ditungtik,
sieun rama milang kurang,
getihna diculang –caling,
diulaskeun kana raksukan,
raksukan pinuh ku getih,

11. Dagingna tuluy di duruk,
tuluy di dahar sakali,
dagingna séép sadaya,
geus kitu lajeng marulih,
di jalan pon suka- suka susurakan ting jarerit.

12. Ngan Dén Yahod anu nguluwut,
ngeletek jeroning pikir,
hayang bisa males ayi,
ka Rubil ulah kaciri,
teu lila datang akalna,
Yahod matur ka ki Rubil.

13. Leres urang ieu baju,
lambokot pinuh ku getih,
saksi yén Yusup ku macan,
tapi urang kudu ceurik,
ceurik anu enya téa,
ngucur cipanon rambis- rambis.

14. Nya kakal rubil ngadawuh,
bener tapi euwuh kami,
ceurik kuma dijieuna,
anggeuh mah geus poho deui,

ceurik the geus hanteu bias,
sumawona heunteu pirhatin.

15. Radén Yahod tuluy matur,
landing nangis éta gampil,
kuring geus guru pisan,
dicabé geus mustajab leuwih,
geus loba kuring ngubaran,
loba pisan anu jadi.

16. Mun nyieuna kudu nyumput,
sorangan milih nu suni,
Radén Rubil sasahuran,
coba baé kajeun teuing,
sok mun diandel ku rama,
bok urang balik ka pati.

17. Gancangna anu mangun catur,
kira satengah pal deui,
ngadongkapkeun ka kanaan,
Yahod kapareng geus manggih,
huma anu geus jadi //reuma,
aya kebon cabé rawit.

18. Buahna leubeut nya ruhruy,
beureum campur jeung gumading,
di jalana rada anggang,
Radén Yahod ngala gasik,
cabé kénging sa gémbolan,
tuluy di bebek sakali.

19. Geus di tutuwuhan tuluy,
dipeureuhkeun cabé rawit,
pinuh panon dua pisan,
sadaya pating jarerit,
peurih dipeureuhan sabrang,
gegelendeng Radén rubil.

20. Yahod méh rék dibunuh,
lain sing ngubaran kami,
Yahod seuri bari maturan,
nyéta landong matak nangis,
Rubil nyahur pék Yahoda,
geura diubaran deui.

21. Radén Yahod matur teu umum,
dukun diubaran jampi,
kapan mah eunggeus ngubaran,
resep nanggap anu ceurik,
sok ingkeun cag tunda heula,
putra anu narangis.

22. Kocap llangkah Nabi Yakub,
sajengkar putra kakasih,
teu cindek di panglinggihan,
jilingjingcat baé nabi,
ngajanteng waé di jalan,
ningalian putra sumping.

23. Teu ngeunah rahosing kalbu,
salempang tur senak – senik,
ti beurang dongkap ka isa,

putra hanteu baé sumping,
mener waktu isa pisan,
kadangu geder anu nangis.

24. Gebeg manah nabi Yakub,
sabab gumeter jasmani,
barang gok nyata cilaka,
énggal baé ngalahir,
mana Yusup putra ama,
Rubil nyembah matur nangis.

25. Nyanggakeun séwu bebendu,
perkawis putra kakasih,
nanging nabi mo percaya,
najan leres hatur abdi,
pun adi di teda macan, // 26
ieu komisna tingali.

26. Leuleus nabiyulloh Yakub,
amung komis ngajumpalik,
kalenger taya imutan,
ngajehjer saperti mati,
dipayang ku putra – putra,
dicandak mulih ka bumi.

27. Direjengan digugulung,
sumping ka bumi nabi,
koréjat gugah pék lénggah,
imut ningalian komis,
gemet pisan ningalina,
magartu nabi prihatin.

VIII. PUPUH MAGATRU (ed.)

1. Dibukaan komis dijungjung- di jungjung
   ditingali bulak – balik,
   nabi nyaur jero kalbu,
   enya ogé ieu komis,
   pinuh ku geutih lambokot.

2. Tapi héran komis teu sewék teu gugus,
   énggalna nabi ngalahir,
   mariksa Rubil samaun,
   na enya Yusup téh Rubil,
   eunggeus di hakan ku méong.

3. Radén Rubil matur nyembah nun sumuhun,
   tina awitna pun adi,
   papanahan ulubiung,
   diajar mentang jamparing,
   sigana geus rada poho.

4. Enggeus burit abdi emut énggal muru,
   ka Yusup tempatna tadi,
   kasampak komis ngalumbuk,
   geus lamokot pinuh ku geutih,
   tapi teu sowék teu kohok,

5. Radén Rubil nyembah matur nun sumuhun,
   anu mawi éta komis,
   heunteu sowék heunteu bubuk,
   sabab maung sésa deui,

tandaning méong geus kolot.

6. Nabi Yakub mésem tayohna kitu nya kitu,
bener saomongan Rubil,
méong kolot taya huntu,
teu bisa nyewékeun komis,
abongna méong geus kolot.

7. Sungut mintul teu bisa nyewekeun baju,
tapi // kana tulang kulit, 27
teurak kénéh,
ngadurukduk,
matak ngahérankeun teuing,
ompong teu teurak ka lompong.

8. Tapi kana tulang urat mah ngaremus,
huleng bingung Radén Rubil,
teu bisa nyambung pihatur,
ki Yahod nyembah tadim,
lain margi méong ompong.

9. Hanteu sewek sotéh éta komis Yusup,
ngan sarehan méong apik,
komisna heula dicucul,
kakara di teda ledis'
tulang daging urat polo.

10. Nabi Yakub nyaur maranéh nya kitu,
omong ganti lanca – linci,
méh ama moal ngagugu,
Rubil matur leres nabi,

gamparan meureun mahido.

11. Najan abdi sayaktosna omong istu,
moal di andel ku nabi,
kumargi asih ka Yusup,
enggal nabi Yakub ngalahir,
ala kadieukeun méong.

12. Sina datang kadieu nu nyatu Yusup,
ama hayang males pati,
Radén Rubil ngajelenggut,
Rék sanggem haunteu barina,
Gancang anu mangun carita.

13. Ki yahod cedok nyembah unjuk hatur,
Sumuhun timbalan nabi,
Dinten abdi isuk sanggup,
Nyanggakeun méong.

14. Nabi,
ku gamparan mangga tarok.,

15. Putra putra turun ti bumi barempung,
Sasauran Radén Rubil,
Yahoda ilaing kumprung,
wawanianan ka nabi,
omongan tara diilo.

16. Coba saha anu wani ngala maung,
kami mah teu sanggu teuing,
tapi nabi réh sakitu,

teu ngandel kusabab komis,
teu rewék teu sowéh kohok. // 28

17. Isukan mah urang bawa waé Yusup,
tina sumur urang jait,
geus kadarat urang bunuh,
tulangna bawa ka nabi,
mundur matur radén Yahod.

IX. PUPUH DURMA (ed.)

1. Pihaturna Dén Yahod mun kitu engkang,
kuring mah bet alim teuing,
lamun keukeuh Yusup engké dék di paéhan,
tangtu balik deui kuring,
wawadul ka ama,
kajeun kuring mah di peuncit.

2. Radén Rubil ngandika atuh kumaha,
moal urang moal wani,
nangkep ngala macan,
engkang sieun dihakan,
Radén Yahod mésem manis,
Purwa raina sanggem ka nabi.

3. Sabab rongkah panginten rai sareng raka,
salawé macan kang Rubil,
anjeuntéh mo lumpat,
senang kabina –bina,
kang Samaun kitu deui,
lima welas macan,

moal susah heunteu gimir.

4. Dulur –dulur sakabéh gé gagah rongkah
   Lima genep maung pasti,
   Wani nyekel iga,
   Ki Rubil sasahuran,
   Ilaing sabaraha wani,
   Matur Yahoda hiji ogé boa teuing.

5. Munggup untup panganyam anu ngarang tembang,
   kocap isukna deui,
   putra budal ka leuweung nyiar macan,
   sapanah satumbak ...
   ka leuweung dongkap,
   Radén Yahod tana baris.

6. Pok ngumendir pok ulah gugup kagét,
   dina eurih ieu pasti,
   maung tangtu aya,
   lamun ti wétan mabur nganan,
   ayeuna urang ngopatkeun bagi.

7. Kudu barengan ngasupan ngasruk eurihna,
   ulah heula pandeuri,
   bisi maung lumpat ngejat,
   teu kanyahoan mun dibagi,
   opat // gampil, 29
   nanging susahna,
   tempatna bala buni.

8. Teu paténjo jeung baturna anggang,

mo nyaho heula pandeuri,
tapi aya akal,
saurang kudu misah,
naék kana luhur kai,
supaya awas,
ka baturna anu mandiri.

9. Montong susah kuring baé anu naék mah,
batur gera pék bagi,
ti kulon tiluan,
dua jalma ti wétan,
kalér kidul kitu deui,
Yahod gancang milihan tangkal kai.

10. Anu luhur anu gampang di téténa,
Yahod naék pribadi,
batur misah – misah nu ngulon nu étan,
Radén Yahod di luhur kai,
ningal kahandap,
dipikir moal nepi,

11. Lamun maung rék ngaronjat ka anjeuna,
Yahod pok ngumendir,
batur masing –masing ariyatna,
pada barang ngababad,
nyarar ngaberesihan eurih,
kabéh sadiya,
nyacar ngababad eurih.

12. Pada maju ti kulon sareng ti wétan,
kalér kidul kitu deui,

mojok di tengah,
pareng manggihan macan,
hiji keur saré ngajempling tibra kacida,
di dodoho ku Rubil.

13. Kek di cekeldirangkepkeun suku opat,
Samaun ngabungkem cungkir,
padanggegenyang ,
dironom ku salapan,
méong hiji lir ucing,
bareng kacandak méong ngadengék ngajerit.

14. Gegerungan ngagauk awong –awongan,
leuweung asa kaindit,
ku sentakna macan,
gebeg Rahadén Yahoda,
gegeroan tina kai,
masing priyatna,
ngandika radén rubil.

15. Geus kacekel seug baé turun Yahoda, // 30
Hayu urang balik,
eunggeus meunang macan,
haturan ki yahoda,
sing peryatna engkang Rubil,
mangkadé leupas,
rék turun hela kuring.

16. Ki Yahoda barang geus turun ka handap,
Cék nilas dahan kai,
Panjangna sadéupa,

kaya iteuk diasta,
Ki Yahoda jakah – jikih,
nginditkeun réncang,
anjeuna ti pandeuri.

17. Ngagiringkeun sadérék nu gancang macan,
mutuh baé nyalijik, (sic!)
kabéh kaakalan,
sadérék anu salapan,
méong reuwas kempas- kempis,
ruménghap – rénghap,
gumeter senak -senik.

18. Bari macan sajero pikirna,
rék dikumahakeun teuing,
teu tua teu dosa,
ayeuna disangsara,
di jalana lila teuing,
bujeng énggalna,
karényéng nu ngagurit.

19. Kacarita putra ngadeuheuskeun macan,
unjukan Radén Rubil,
tah ieu rupana,
maung nu neda putra,
mangga nabi males pati,
sakersa –kersa ka éta maung julig.

20. Barang dongkap maung sujud ka payunan,
Ka nabi Yakub israil,
sujud cara jalma,

nabi Yakub ngandika,
naha teungteuingeun teuing,
hé manéh macan,
bet nyangsara ati kami.

21. Bisa waé manéh nyungkawakeun manah,
nyieun rujit ning ati,
ngaraheutan bayah,
ngaruksak jaroning dada,
nganyenyeri ati kami,
salawasna- salawasna mo nya bisa pulih.

22. Masih nepi ka poé kiamah pisan,
mo pegat ati kami,
kersaning Allah,
méong téh bisa ngucap,
sakumaha tata jalmi, // 31
adab tur hurmat,
pokna ya kangjeng nabi,

23. jisim abdi langkung éwed nguping sabda,
béak nya matak isin,
sareng matak reuwas,
matak ilang upaya,
ku naon purwana nabi,
sanget nyoara,
ngucap- ngucapkeun abdi.

24. Haté abdi kakara pisan nya terang,
dumadakan meunang isin,
nabi Yakub héran,

sakedap teu ngandika,
geus lila alon ngalahir,
sabab ngandika megatkeun ati kami.

25. Margi manéh nyatu buah manah,
sikina mata kami,
gumalaning dirya mustikaning wardaya,
Yusup ciciptaning ati,
kusumah ningrat,
anak kami pribadi.

26. Cék dulurna éta ku manéh di hakan ku maung dijejew,
méong sujud hurmat,
nada rapet kana tanah,
nyembah bari angkat (...),
pokna hé tuan Allah wallahu robbu Ibrahim.

27. Jisim abdi ieu macan téh amanah,
ari gamparan nabi,
timbalan pangeran anu murba wisésa,
haram atas jisim abdi terah ambiya,
najan satétés getih.

28. Sumawona lamun meleg- meleg teda,
abdi teu wantun teuing,
tur hale (sic!) abdi semah,
tadi kakara dongkap,
abdi téa urang Mesir,
purwaning dongkap ka kanaan bumi nabi.

29. Wiréh abi gaduh dulur ti kanaan,

ku tina enggeus lami,
abdi teu tepang,
ayeuna rék jiarah,
sieun putusan rahmat,
abdi megat sih- sih // han, 32
sareng imut ka dalil.

30. Anu muken laisu min rahmati Allah,
tanda bukti abdi namung sih,
nyéta rék jiyarah,
atawa israr salam,
tacan tepang jisim abdi,
jeung dulur téa,
micung kana pangkon nabi.

X. PUPUH PUCUNG (ed.)

1. Sapihatur méong ku Rubil kadangu,
napsu ngentak – ngentak,
matek pedang radén Rubil,
diheumbatkeun éta kana beuheung macan.

2. Maung awas ngejat barina ngagauk,
lumpatna gancangna kacida,
lumenyap salumpat lampét,
Rubil nyusul méong ngejat lepas pisan.

3. Sup ka leuweung ku Rubil hanteu kasusul,
sigeg hanteu kocap,
lampahna maung jeung Rubil,
nabi Yakub tambah kalelehan putra.

4. Pok ngandika Rubil jeung Samaun,
   Maranéh geus nyata,
   Mawa komis-komis gawé – gawé
   Sacarita maranéh kabéh karangan.

5. Gusti Allah anu disuhunkeun tulung,
   leuwih hadé sabar,
   lampah sadérékna nu dengki,
   tambah –tambah paké ka ceuceub ku rama.

6. Hanas bohong tur nganiaya jeung ripuh,
   nalaur ku rama dipihadé dipiseungit,
   Nabi Yakub teu pisan petot nangisna.

7. Beurang peuting teu pisan ka latar lungsur,
   cisoca lir hujan,
   malih damisna ngamalir,
   ku cisoca,
   soca beureum kapengpekan.

8. Cék Bin Abas putrana nabi Yakub,
   nandang bahla liwat,
   pirhatin tanpa tinanding,
   hiji mangsa meuncit domba lintuh pisan.

9. Diolahkeun dipasak dipanggang tuhur,
   gajihna lir minyak,
   dituang jeung putra kabéh,
   séép // pisan lat lali ka tatanggana.

10. Teu maparin tur jonghok hanteu pajauh,
sadayana uninga,
tur pada ngarambeu seungit,
ngarep- ngarep dipasihan sadayana.

11. Tur sapipir geus ngarepkeun tanpa lauk,
kari- kari gagal,
kitu purwa Yakub nabi,
nandang dua kapirhatin seuseut nyata.

12. Éling nu maca nu ngadangu,
sing jadi imutan,
cacakan éta mah nabi,
komo teuing mungguh urang jalma awam.

13. Lamun boga rijki ulah poho ka batur,
tatangga sabaturan,
kitu sotéh lamun gedé,
mun saeutik tegesna heunteu nisab.

14. Tanda lampah Rubil reujeung nabi Yakub,
watir nu sangsara,
di sumur geus lawas teuing,
Radén Yusup mustikaning rupa jalma.

15. Mangsa balikan lampah téh Radén Yusup,
kaopat turun Malak Jibril,
bes ka sumur énggal ka Yusup mariksa.

16. Na kunaon sorangan di jero sumur,
taya batur jalma,

camoék tur poék mongkléng,
nabi Yusup ngandika purwa kaula.

17. Ngadedempés cicing dina jero sumur,
sabab dulur kawula,
ka kawula dengki kabéh,
ngagubruskeun bisi kula jadi raja.

18. Malak Jibril ngandika bener mun kitu,
kumaha saméan tina ieu hayang bijil,
saur Yusup leres pisan hayang hanyat.

19. Malak Jibril ngandika ka nabi Yusup,
ari hayang hanyat mah,
waca dua ieu baé,
hamo luput Ujang hanyat jadi raja.

20. Tapi masing wayahna ulah nguluwut,
Ujang bakal mendak,
cocoba nu // séjén –séjén, 34
ieu dua engké ku ujang waca.
...
...
...
...
...

21. Éta dua hadé ku urang diturun,
mun boga kasusah,
waca saban – saban peuting baé,
kitu deui dua nu tadi ti heula.

22. Malak Jibril geus tutup tina wuwuruk,
ilang tanpa karana,
nabi Yusup tengah téh ,
lajeng maos dua nu tadi téa,

23. hanteu kulem teu pisan tapi ka isuk,
dadak dumadak,
lar sudagar uran Mesir,
arék mulang onta- onta tas ti madyan.

24. Poho jalan di tengah leuweung kasarung,
pareng lebah dinya,
geus béak bekelna cai,
di handapeun cai ngarereb di dinya.

25. Onta kabéh di cangcangan dina jukut,
hiji bangsa Arab,
baturna sudagar kabéh,
mawa timba néangan cai pareng mendak.

26. Enya éta ngan Ki Malik bin Daur,
anu mawa timba,
kersaning gusti yang widi,
los ka sumur anu aya Yusupan téa.

27. Atoh pisan kiyahi Malik Bin Daur,

tuluy baé nimba, // 35
timba rag- rag Radén kagét,
Radén Yusup pageuh muntang kana timba.

28. Héran pikir kiyahi Malik Bin Daur,
naha timba beurat,
séjén pisan ti sasari,
Kiyahi Malik naruk timba tabuh polah.

XI. PUPUH GAMBUH (ed.)

1. Mangkul malik bin bin Daur,
nempo sumur tiba hurung mancur,
muwar- mawur semu caang angling,
tinu poék lir seuneu ngagedur,
hurung mancur semu héjo.

2. Sumur téh caang dangelung, (sic !)
kahibaran ku cahaya Den Yusup,
kagét reuwas mikiran bin Daur Malik,
disangka éta hantu,
pikir bin éta sayaktos.

3. Tina reuwas bin Daur,
méh di piceun timba dina sumur,
barang deukeut diteges- teges ningali,
horéng rupa jalma anu umum,
cahya nyumput teu moncorong.

4. Radén Yusup kacatur,
geus diangkat ku Malik Bin daur,

Radén linggih sabudi- budi,
nu pelik langkung mutuh timpuh,
matak ponyo nu nénjo.

5. Mariksa Malik Bin Daur,
ujang asal ti mana lembur,
Radén Yusup nyaur poho deui,
lingsem rék ngaku saéstu,
gancang nu mangun carios.

6. Dibawa ku ki bin Daur,
Radén Yusup nyampeurkeun ka batur,
tanda Radén Yusup jeungna bin Daur Malik,
jeung baturna nu ngariung,
Radén Yahod kacarios.

7. Saban – saban poé nyumput,
ngirim roti ka dén Yusup,
teu kapanggih ku Samaun, // 36
jeung ku Rabil harita sumping ka sumur,
nempo ka sumur haroong.

8. Radén yahod téh ngajentul,
pinggir tina langkung bingung,
réhan Yusup geus teu aya boa teuing
dipacok oray geus pupus,
atawa bijil ngalolos.

9. Tina (sic!) Radén Yusup tuluy,
mapan jalan angkat semu ngidul,
béh manggihan onta handapeun kai,

tur aya jalma ngariung,
katingal yusup ngabéngkong.

10. Didinya milu ngariung,
Radén Yahod mulih deui rusuh,
cacarita rusuh ka Samaun jeung ka Rubil,
yén Yusup bijil sumur,
milu jeung sodagar kahot.

11. Ngagebeg Rubil ngadangu,
lamun Yusup geus bijil ti sumur,
pok ngalahir Radén Yahod Rubil,
di mana ayeuna Yusup,
hayu téang hayang nyaho.

12. Gancangna anu mangun catur,
raka susul Radén Yusup,
béh ngariung handapeun kai,
Rubil nyaur bari nunjuk,
tuh gening abid ngabengkong.

13. Budak urang anu kabur,
ayeuna teu burung kasusul,
sia gé mo luput mati,
ku aing pada ngagebug,
mo burung manéh nyongsorot.

14. Ka kuping ku Ki bin Daud,
Radén Rubil datang nunjuk,
pok ngawalon Malik Bin daur ka Rubil,
éh mangké ulah rusuh,

kumaha sampéan poho.

15. Ujug- ujug kumapang nunjuk,
pok heulaan tutur anu patut,
ti awitna ku kula masing kaharti,
ulah ujug- ujug kitu,
datang parangas porongos.

16. Radén Rubil tuluy ngadawuh,
tina sabab kula jéngkél // na mutuh, 37
ku miara éta budak sahiji,
beunang kula meuli mutung,
ceceremed luas léos.

17. Omong ki Malik bin Daur,
mun sampéan teu resep ngingu,
kadieukeun kukula baé meuli,
hargana kumaha patut,
Radén rubil téh ngawalon.

18. Hadé pisan ka tamu,
Mun sampéan meuli éta tulus,
kula jangji ka sampéan wanti – wanti budak goréng liwat langkung,
sambarang omong bohong.

19. Tukang agung jeung wawadul,
gawé omong jeung ngaku punjul,
bangsa ménak pangakuna tur ciriwis,
tur hianat ahli kabur,
karesepna téh ngabadog.

20. Poma ulah rék digugu,
saomongna ogé palsu,
sabab kitu purwa kula langkung ijid,
sawadina kula tutur,
bisi samar pagar merong.

21. Ngahuleng bin Daur Malik,
ngupingkeun Rubil carita pikir mah mandog mayong,
ku Rubil anggeus katara,
geuwat deui carita,
sieun Malik heunteu tulus,
geuwat ngahargaan murah.

XII. PUPUH ASMARANDANA (ed.)

1. Éta budak matak pusing,
tur dibeulina mah murah,
kukula ngan dua keton,
tawa dua puluh dirham,
kawula téh papatungan,
kula moal ngarah untung,
sakitu deui sumangga.

2. Kakang méré dua ringgit,
kadieukeun dapon kontan,
haripet bin Daur atoh,
gancangna geuwat dibayar,
ngan dua ringgit pisan,
ladangna di duum- duum,
genep baru saurangna.

3. Budal mulang Radén Rubil,
jeung sadérék sukan- sukan,
Radén Yusup ngadedempés,
teu pisan // nyaur sakecap, 38
sok sieun dipaéhan,
kocap Ki Malik bin Daur,
numpangkeun Yusup ka onta.

4. Budalna sudagar Mesir,
onta Yusup pangheulana,
onta leumpang gancang jogjrog,
kersaning allah ta ala,
onta liwat meneran jalan ka pinggir kubur,
Radén Rahil téh didinya.

5. Ibu Yusup téa Rahil,
yén didinya di kuburna,
Dén yusup ninggangkeun manéh,
tuturubun tina onta,
teu bisa nahan salira,
nangis barina nyaluuh,
dedengékeun jeung sasambat.

6. Pokna nya ieu kuring,
mangga ibu gugah heula,
ninggali sakedap baé,
ieu kuring Yusup téa,
putra ibu cikalna,
kuring téh sapungkur ibu ,
kaliwat nandang sangsara.

7. Lamun ibu seug ningali,
tangtu ibu moal tahan,
ningali putra diséréd,
digusur cara barangbang,
digitikan digebugan,
dikecemplungkeun ka sumur,
dibeungkeut simpay karayap.

8. Ditaranjangan buligir,
geus gebrus ditarimbulan,
ku batu anu galedé,
geus banyat (sic!) dibawa pisan,
kaya jalma kawula,
ayeuna dina sakedup, (sic!)
dimomotkeun lir boyongan.

9. Ya ibu duakeun kuring,
kuring lamun gamparan uninga,
tangtu ibu manéh séép,
ngahelas ningali putra,
duh ibu kuring kumaha,
mun ibu uninga tangtu,
geus tinangtos hujan soca.

10. Radén nangis,
kocap bin Daur sudagar kagét katatang kotéténg,
leungiteun yusup jeung onta,
geus disanggakeun minggat,
kapanggih dipinggir kubur,
keur nangis jeung gugulingan. // 39

11. Teu antaparah Ki Malik,
Juturan tina onta ujug- ujug gaplok baé nyabok,
ka Radén Yusup sangsara,
bari kumampang gampang,
patos geus kaceluk,
tukang maling tukang minggat.

12. Nya ayeuna manéh téh sidik,
nyata kapanggih buktina,
saomong juragan manéh,
anu kamari ngajual,
kami hanteu percaya,
kamari hanteu ngagugu pananya kami teu aya.

13. Radén Yusup males asih,
kuring lain arék minggat,
leumpang miheulaan sotéh,
pédah onta kuring gancang,
jeung deui anu matak kuring tina onta turun,
seja jiarah heula.

14. Kana kubur indung kuring,
meungpeung kuring keur ngaliwat,
ku Bin Daud teu di déngé,
Yusup sasahuranana,
dibohongkeun baé saurna,
éta omong manéh palsu,
ku kami moal diangkap. (sic!)

15. Hiap manéh tumpak deui,
kana ieu luhur onta,

Radén Yusup lajeng naék,
Dina onta ditalian,
Kana sakedup dicangcang cangcayakeun Ki bin Daur,
Bisi aya Yusup minggat.

16. Bin Daur taruluy deui,
hanteu kocap di jalanna,
bujengkeun énggalna baé,
geus nepi ka kaca-kaca,
nagri mesir Mahruhsah,
Yusup di piwarang turun,
tina onta lajeng siram.

17. Meuntas siram dipisalin,
ku panganggo anu anyar,
sorban gismir jubah héjo,
sareng nganggo sadariyah,
bijil meueus cahyana,
tapi dipengpet bin Daur,
kana supa nu aya mah.

18. Ku gusti nu maha suci,
manteu dibuka // keun pisan 40
ukur wiyang – wiyang baé,
Radén Yusup katinggalna ku bin Daur cahyana,
gancangna nun mangun catur,
Dén Yusup angkat di jalan.

19. Ngiringkeun bin Daur Malik,
cahyana gumilang- gumilang kumawang kanu séjén,
kaya béntang siang medal,

moal aya papadana,
pameget ratuning punjul,
Yusup ratuning rupaan.

20. Leuwih lain ku pamuji,
éndah lain ku cacandra,
najan disipatkeun ogé,
kurang candra leuwih rupa,
bodo mungguh bujangga,
rék ngungkukeun punjul patut,
teu bisa nyebutkeun inya.

21. Pandé keuna mo aya deui,
pameget nu cara éta,
najan di sawarga ogé,
moal aya papadana,
kajaba nabi urang mah,
éta mah ratuning mahluk,
Yusup ratuning rupaan.

22. Kacatur sang Yusup nabi,
langgéor angkat di jalan,
sorot mencerong,
kaya reremekan kaca,
cahyana patingkolényay,
katojo ku cahyana suria.

23. Kocap jalma nu ningali,
Ka radén Yusup saliwat,
Padakagét bingung bengong,
Kolot budak kaédanan,

Carita ka nu di lembur,
Pokna kula manggih budak.

24. Ngiringkeun bin Daur Malik,
kakara umur-umuran,
manggih sakitu nu kasép,
matak ilang pangacian,
badan asa rakucak, (sic !)
leuleus lesu suku lumpuh,
rampohpoy taya ingetan.

25. Malah nepi ka kiwari,
kacipta kénéh rupana,
cumantél di jero hate,
semuna nepi ka hilang,
moal leungit élingan,
aya pameget // sakitu, 41
kasép lain kaulinan.

26. Sadayana anu nguping,
awéwé lalaki pisan,
pada arolohok bengong,
percaya kana pawarta,
tur sami kaédanan,
manéhna deui aya kitu,
ngabéjangbéjakeun béja,

27. béja dibéjakeun deui,
sedaya sami percaya,
taya hiji nu mahido,
tur kabéh pada kaédanan,

ku ngadéngékeun béja,
kukumpulan tinggarunduk,
ruang-riung jeung baturna.

28. Geus jadi biwir sahiji,
éta nu dipicamcam ngan mirempug béja baé,
padahal tacan manggihan,
jinisna éta budak,
sakitu jalma kagétna,
loba jalma tinghariyul, (sic!)
pipikiran kangen ku béja.

29. Tujuh poé tujuh peuting,
di Mesir taya nu molah,
anu nutu anu ngéjo,
taya seuneu-seuneu acan,
di pasar taya jelema,
warung-warung sami suwung,
took-toko henteu buka.

30. Sarepi di nagri Mesir,
dina sakitu lamina,
kabéh jongjon mari omong,
teu saré teu barangdahar,
nanging taya anu lapar,
euweuh nu ngarasa tunduh,
katungkul micangcam béja.

31. Kitu (…) anu mumin,
anu geus pepek ilmuna,
itikad sampé maher,

dalil burhan jeung isadah taya nu kaliwatan,
ilmu badag ilmu lembut,
sakabéh geus karandapan.

32. Tatapi tacan tajali,
tacan terus moripatna,
itikadna mah geus sampé,
kilang tacan kabuktian,
sakitu percayana,
gumuruh leuwih mashur,
terkadang sual-tisual.

33. Mungguh // anu geus tajali, 42
lepas tina ngabicara,
jadi tambah belet bodo,
kana éta hiji perkara,
teu bisa ngomongkeun inya,
mungguhing lebah dinya,
yén tutug ka nu dimaksud,
biwir kemba piker lejar.

34. Sumangga balikna deui,
Urang Mesir nu kédanan,
Aya hiji jalma kolot,
Ngomong ka batur-baturna,
Mun kieu baé urang.
Guyur tagiyur tagayur,
Taya katungtunganana.

35. Moal hasil manggih bukti,
anging ku urang sorangan,

ka Malik bin Daur baé,
taya ténjo ka imahna,
geus rempuk sadayana,
gancangna budal ngagimbung,
ngaleut ngeungkeuy kolot ngora.

XIII. PUPUH SINOM (ed.)

1. Nonoman pada nonoman,
lalaki pada lalaki,
budak anu hayang ningal,
rupana budak ki Malik,
sawaréhna geus nepi,
ka pintu lembur bin Daur,
tapi lawangna teu muka,
peundeutna pager disosi,
tinglalimbung di jalan harepeun imah.

2. sesek di luareun lawang,
teu asup teu malik deui,
rék asup teu meunang lawang,
rék balik mikatil mayit,
panasaran tacan bukti,
éta upamana kitu,
peundeut upama hijab,
jalal jamal tahar kamil,
nu maripat kandeg ka makam dihijab.

3. Kocap aya hiji jalma,
badéga bin Daur Malik,
kaluar mukakeun lawang,

ronghok jalma nu ningali,
sangkana sawaréh jalma,
boa enya éta Yusup,
nu sawaréh ingkar,
nu sawaréh kukuh pasti,
ngaenyakeun éta bujang.

4. Waluya mungguh nu ingkar,
nepangan Yusup pribadi, // 43
nu ngaenyakeun mah gagal,
balik nyaritana jalir,
puguh gé éta mah lain,
nyaritakeun pagar Yusup,
tah kitu upamana,
loba nu ngaji hakéki,
tacan tutug rasana geus taya lian.

5. Kabobodo kapardaya,
kocap jalmana nu tadi,
nanya ka nu daratang,
nu kumpul luareun koli,
hé paman kakang adi,
naon kersa nu dimaksud,
wangsulan sadayana,
seja kula taya deui,
ngan rék asup hayang terang budak anyar.

6. Bujang tuluy cacarita,
ka éta Daur bin Malik,
lamun réa jalma datang,
rék nongton budak ibrani,

carék bin Daur Malik,
seug ku manéh budak pintu,
tatapi mudu mayar,
sadinar jalma sahiji,
nu teu mayar ku manéh tulak kaluar.

7. Bujang téh tuluy miwejang,
ka jalma nu ménta kori,
hade asup kudu mayar,
saurang sadinar pasti,
taya hiji nu mungkir,
sakabéh gé pada sanggup,
mayar misil rasiah,
nu hayang maripat jadi,
jadi lawang luar dibuka,
sarta dijaga.

8. Ku opat jalma dijaga,
anu tukang tanpa duit,
pagelek-gelek heula,
nu asup lalaki istri,
réa jalma kairik,
sawaréh aya nu labuh,
nu katincak jubahna,
aya nu kairik samping,
bangbeng sorban,
kairik hanteu karasa.

9. Kopéah duka kamana,
lat lali taya kaéling,
pasolék-solék di (…),

…
… // 44
dewang pada narincak,
malayahna urang Hindia,
komo teuing,
mun lebah nagara urang.

10. Mohona istri nu ningal,
moal nolih kana samping,
bukti basa nongton kajah, (sic !)
harita istri kairik,
na mi nu mati sahid,
gepéng kaya sekar tuhur,
nu geus ningali,
ka Yusup teu bisa asup,
nu ngajajanteng nu ngadeg,
teu bisa obah.

11. Mun diuk barengna ningal,
hanteu bisa ngadeg deui,
boa pindo kudu dipangga,
sorangan teu bisa usik,
ngagelek lalaki istri,
nu arék ngagimbung,
nu datang teu kaétang,
nu ti heula geus ningali,
dibuburak kaluar teu bisa leumpang.

12. Jog nepi ka burit pisan,
ti isuk teu petot jalmi,
talung anu nongton kajah, (sic !)

towong saeutik-saeutik ti isuk,
tepi magrib lawangluar geus dipintu,
lindet jalma anu datang
anu tacan naringali sapeupeuting ti désa-désa daratang.

13. Lampah anu geus naringal,
ka Yusup anu geus warni,
opat rupa tingkah jalma,
aya anu ngajeblug,
cicing ditanya rengéh seuri,
bareng peuting ngajejentul,
sawaréh kawan nu édan,
ilang kaéling kaisin,
sakaomong ngocombang balakacapang.

14. Aya nu (…)
(…),
(…),
nénjo // na téh asa muntir,
nu sawaréhna deui,
ngaku yén dirina Yusup,
tingkah kakasépan,
ngomong Yusup téh (…),
pang kitu téh jalma anu opat warna.

15. Geus poho kana dirina,
teu kawasa teu kapikir,
nganYusup waé nu aya,
diri teu nyaho teuing,
nyatana geus manggih,
nyata ning Yusup pinunjul,

sok komo teuing nu maripat,
éta sajatining tohid,
nu tajali kana kasucining jati.

16. tinangtu owah tingkahna,
terkadang cara (…),
tina seungiting muhibat,
subhani napsi,
akawa ana robi,
éta pangaurna kitu,
teu pisan jijieunan,
istuning lenyeping diri,
asyik masuk muhibat ya ana.

IX1V. PUPUH DANGDANGGULA (ed.)

1. Kocap anu milang dinar,
sapoéna tadi,
saratus rébu teu kurang,
malah-malah kungsi kurang leuwih,
rasa bin Daur Malik,
medah-meduh leuwih untung,
kitu deui isukna,
meunang tilu poé nitir,
pariuk jangkung,
peueut kimpel dibungkusan.

2. Kacarios geus isukna deui,
mungguh anu kaopat poéna,
Radén Yusup sina nganggo,
panganggo anu aralus,

tambah-tambah cahya bijil,
tuluy dibawa medal,
ku Malik bin Daur,
dibawa ka pasar lélang,
dilélangkeun bangsa kaya abdi bangsa,
bin Daur naroh harga.

3. Dihargaan duapuluh ringgit,
pada nawar,
undak saratus pasman,
jol-jol pada naraék,
ningali ka Radén Yusup,
jebul dating hiji aki,
nawar sarébu // pasman, 46
anggur pada unggul,
kocap dating hiji raja,
mendak harga,
jog sapuluh rébu ringgit,
aki-aki deui mendak.

4. Éta raja sarta aki-aki,
pada asok wani silih undak,
raja éta meleyad,
lingsem lamun mundur,
ari éta di nagri Mesir,
waktu dijaman harita aya dua ratu,
hiji baé padamelan kakasih Ruhyana,
Kitpirul Aziz,
raja upama patya.

5. Di karaton sunan sulton wali,

putra rayon,
kakasihna sulton,
nyaéta raja nu gedé,
awit Firon karuhun
kocap anu lelang geus lami,
Kitpirul aziz téa,
anu unggul punjul,
saur Wahab bin Munabat,
satimbangna ku mas inten widuri,
jeung ku sutra ku pérak.

6. Dibeulina ku kitpirul aziz,
Radén Yusup ditimbang ku emas,
ku pérak teu kabobot,
beurat kénéh ka Yusup,
kuwang-kuwang kabéh geus beresih,
kosong taya eusina,
uang geus dikukud,
emas inten pérak béak,
susah raja,
pangéran Kitpirul Aziz,
uyup ayap di bumina.

7. Béh manggihan putra lawon putih
ngan sarol sapasang tarumpah,
sakitu nu aya kénéh,
tuluy baé dibantun,
éta sutra ka pasar deui,
jeung tarumpah sapasang sok kana taraju,
kakara Yusup katimbang,
ku tarumpah sarol ku sutra putih,

saur Séh Ibnu Abbas.

8. Réh baheula jeung nabi Ibrahim,
di nagara Mesir enggeus angkat,
…
…
… // masaih, (sic!) 47
sarta para pukoha,
sadaya lalungsur,
angkat teu nganggo tarumpah,
sabab hurmat ka Gusti Nabi Ibrahim,
nabi di luhur tunggangan.

9. Sabot angkat jeung Nabi Ibrahim,
ngeng ngarungu,
sowara tan katingal,
hé Nabi Ibrahim manéh,
di ahir manéh tangtu,
aya anak incu sakitu,
anu bakal kajual,
éta sabot kitu,
purwaning Yusup ayeuna,
teu kajual kana tarumpah di Mesir,
kocap Bin Daur suka.

10. Ti ningalan emas inten duit,
ladang Yusup aya,
tanpa wilang tina modal dua peton,
dibeulina Dén Yusup,
rasa untung Bin Daur Malik,
ladang Yusup mo kuat,

kuat lamun ditanggung-tanggung,
Daur sadia onta,
opat puluh buat narik,
inten duit,
emas pérak sutra.

11. Jisim kuring Muhamad Sanusi,
urang dayeuh nagri Sumedang,
nu mangun ieu carios,
neda agung cukup lumur,
ka sadaya nu mangun kawit,
rawuh nu mangun ijab,
nu mangun kabul,
poma ulah teu ngamaap,
kana ieu carios,
bisi bok bisi,
samara narajang aya larangan.

XV. PUPUH ASMARANDANA (ed.)

1. Sumangga carios deui,
Yusup jeung ratu juléha,
jep jempé ngajempé,
teu pisan buka rasiah,
tina kersaning Allah,
tutur kabitur ku hatur,
juru dapur uar-uar.

2. Ngelecis ngomong ngecewis,
di pasar basa ka basiar,
kumaha onam awéwé,

nyarita lamun juragan,
kacida kaédanan,
ku budak ngarana Yusup,
nu nguping kabéh haréran.

3. Padahal Juragan putrid,
istri panggeulis-geulisna, // 48
naha bet kapélét,
kaédanan ku budakna,
naha jiga kumaha,
budak anu matak giung,
geus mashur kabar kaluar.

4. Ngéng kadangu ku Nyi putri,
yén loba nu ngéra-ngéra,
ka anjeunna ngaweweléh.
ngetak-ngetak juléha,
ti dinya pon nimbalan,
ka emban-emban karumpul,
kudu nyahuran jelema.

5. Istri-istri garwa mentri,
nu awas asak taksiran,
nu nyaho hadé jeung goréng
aya opat puluh jalma,
tegesna istri milihan,
kocapkeu baé geus kumpul,
istri-istri pat puluh di pura.

6. Gancangna nu mangun jurit,
sakumpul istri sadaya,

pinuh di jero kadaton,
Ratna Juléha ngandika,
hé embi sadayana,
geus naringalian Yusup,
atawa tacan tarerang.

7. Lamun tacan taringali,
engké sana kalaluar,
mangga tinggal masing jéntré,
geus awas mangka carita,
cawad cacad celana,
sadayana nyembah matur,
nuhun timbalan gamparan.

8. Tina kersa Radén Putri,
miwarang ka emban-emban,
ngumpulkeun pat puluh péso,
nu seukeut nu beunang ngasah,
jeung warna bubuahan,
kawini samangka jeruk,
ditatakeun sisi jalan.

9. Hiji péso jeung kawini,
tuluy radén putri nimbalan,
ka istri-istri sakabéhna,
kudu pada nyangking buah,
jeung péso méja téa,
énggal raja putrid ngadawung,
hé aceuk embi sadaya.

10. Engké Yusup enggeus bijil,

dihayeukan ngeureut buah,
sadayana geuwat pesék,
opat istri énggal nyembah,
nun timbalan gamparan,
gancangna nu mangun catur,
Radén Yusup sina midang.

11. Panganggo sarua rinukmi,
beunang mapantes Juléha,
satengah raja // ka parebon, 49
sanggeus nganggo tuluy medal,
angkat di tengah latar,
langgeor ngabangbung jangkung,
angkat lir macan teunangan.

12. Istri tacan taringali,
Juléha énggal nimbalan,
ngeureutan buah ku péso,
jongjon istri mesék buah,
lar Yusup ngaliwat,
tungkul ampuh sarta timpuh,
matak ngalenyap ngarénjag.

13. Barengna teges ningali,
istri anu mesék buah,
jongjon mencrong arolohok,
gulutuk buah ragrag,
lépot tina leungeunna,
ngeureutan ngagerut-gerut,
buah ragrag teu karasa.

14. Lamun maju henteu nyiksik,
najan buahna geus murag,
ari panon jongjon melong,
buah murag ngeureut dampal,
rawék hanteu karasa,
leungeun getihna ngalucur,
ramo dampal paburantak.

15. Teu rasa nyeri saeutik,
panon pikir kajongjonan,
molotot mencrong nu kasép,
hanteu alang kapalang,
matak hilang élingan,
kabéh istri tinghariul,
leungeun ruksak kapisanan.

16. Karék kagét nu ningali,
ningali batur-batur ngagolépak,
héran éta téh kunaon,
hilang teu kerna sabab,
bareng ningal leungeunna,
rampung leungeun getih ngucur,
Ramona geus béak pisan.

17. Kakara karasa peurih,
silih tunjuk jeung baturna,
leungeun kabéh bolégér,
harita karék karasa,
peurih panas kacida,
tina bawaning katungkul,
lat lali teu boga rasa.

18. Barang karasa ras éling,
kumapang aduh-aduhan,
ngocomang saomong-omong,
pok ngaromong masya Allah,
éta lain jelema,
sugan malaikat punjul,
paingan // Ratna Juléha. 50

19. Urang teu kakara teuing,
ningalan ratuning jalma,
nu tegep nu teges kasép,
nya matak ngilangkeun akal,
éta mah malaikat,
turun ti langit pingpitu,
mana sakitu kasépna.

20. Paingan juragan putrid,
istri sakitu geulisna,
mana kapincut kapélét,
urang gé kuma rasana,
mun ngingu éta budak,
kula meureuna tangtu,
daharna gé dihuapan.

21. Cek sahiji deui istri,
lamun mungguhing kaula,
boga sakitu nu kasép,
moal sina leumpang,
mapah nincak dina lemah,
anging ku kula dipunggu,

diemban-emban kamana-mana.

22. Moal lésot beurang peuting,
tina aisan kaula,
warna-warna nu ngaromong,
kula mah pirangbara salaki nyabab,
nyarékan gé cungur bangus,
kajeun teuing da ku hayang.

23. Upama Yusup salaki,
napsu gé geus sor pisan,
meupeuh neunggeul rasa noél,
lir dipépéndé dikeukeupan,
duh enung seug baé Ujang,
aceuk geura rangkénan,
geura seuseul nyaur bangus,
aceuk suka lillah pisan.

24. Nu kasép geura gék calik,
dina sirah aceuk mangga,
meureun aceuk tibra saré,
asa dianggelan sutra,
éta istri sadayana,
pangaromongna sakitu,
lali tan nolih leungeunna.

25. Kitu mungguh nu tajali,
maripat jatining wahdah,
alibul guyub ningali,
les ilang purwadaksina,
sanajan pedang ngabar,

atawa ditubruk msung,
teu pisan reuwas teu ginggang.

26. Sanajan disebit kulit,
teu nyeri teu boga rasa,
dék dikadék baé cek,
nya éta nyaketkeun pana,
tunggaling, (…)
geus // mati saméméh pupus,
tegesna ilang ihtiar.

27. Sumangga balikan deui,
carita istri binasa,
sabot ngararomong,
diintip ku Juléha,
dibetahkeun di tukangna,
istri-istri tinghareluk,
nyata karasa nyerina.

28. Radén putri mésem manis,
hé aceuk embi kumaha,
geus ningali nu kasép téh,
atawa kuring kasasar,
istri kabéh unjukkan,
paingan teuing mun kitu,
éta sugan malaikat.

29. Harita nyi Radén putri,
saur Wahab bin Munabat,
tuluy nyaur Yusup baé,
payuneun istri sadaya,

istri téh tuluy ngomongan,
mun diiringkeun baé Yusup,
kersana Ratna Juléha.

30. Yusup tungkul teungalahir,
radén putri lajeng ngandika,
Yusup inget baé manéh,
lamun teu turut ayeuna,
tangtu dipanjara Saumur hirup,
coba Yusup mending mana.

31. Radén Yusup téh ngalahir
anggur suka dipanjara
tinimbang corogoh,
huleng Ratna Juléha,
manahna mingkin panas,
rasa disundut dipulus,
birahi campur amarah.

32. Budal kabéh istri-istri ka rumah sakit sadaya,
tujuh jalma tuluy maot,
kaluar tuluy di ruang,
kocap Ratna Juléha,
bendu napsuna kalangkung,
réh welas teu asup akal.

33. Tina enggeus lami-lami,
Radén Putri ngadangu kabar
loba nu ngaromong,
yén Nyi Putrikaédanan,
ku budak beulian,

catur mashur muwar-mawur,
loba anu ngangaranan.

34. Samalah geus kapetik,
yén Nyi Putri ngudag-ngudag,
ku rakana kaperego,
radén // banget lingsemna, 52
ngulik néangan akal,
rék nyilakakeun Yusup,
ti dinya lajeng haturan.

35. Rakana melas asih,
hé engkang ayeuna,
kuring lamun kieu baé,
anggur suka paéh pisan,
montong hirup di dunya,
mangga baé kuring bunuh,
teu tahan nandang wiwirang.

36. Kitpurul Aziz téh ngalahir,
nyai téh kunaon sabab,
ngadodogér ménta paéh,
apan lampah nyai téa,
ku engkang dihampura,
Ratna Juléha matur,
leres engkang ngahampura.

37. Tapi mungguh ati kuring,
sanget pisan ku sadaya,
katuduh kuring nu bogoh,
sabab Yusup nguar-nguar,

yén kuring mikahayang,
tur Yusup teu meunang hukum,
éta jadi tambah-tambah.

38. ngandelan salah sim kuring,
ayeuna sim kuring teu suka,
lamun Yusup teu dibérok,
sanajan sapoé pisan,
lamun engkang teu kersa,
ngukuman manjara Yusup,
kuring baé dipaéhan.

39. ngahuleng Kitpirul Aziz,
éwuh mamanahanana,
mun diturut karo-karo,
mun dipungpang matak bingbang,
nambahan kasusahan,
énggalan Kitpirul Aziz,
turut radén anom dipanjara.

XVI. PUPUH SINOM (ed.)

1. Titis tulis kersa Allah,
radén teu borong dibui,
moal beunang disingkiran,
karana dihin pinasti,
nembé anyar pinanggih,
cacandran sepuh,
jeung deui tambah-tambah,
ganjaran martabat nabi,
nandang wenang basyariyah atas mursal.

2. Yusup lami dipanjara,
kabéh jalma suka asih,
ka Yusup taya nu (…),
sipir ogé // leuwih asih, 53
sigeug Yusup dibui,
mangga pihatur sinuhun,
sunan wali bin Royan,
sulton di nagri Mesir,
kacarita kagungan dua badéga.

3. Anu hiji tukang jaga,
katuangan daging roti,
nya éta ngaran Ki Majlab,
ari nu hiji deui,
disebut ku kangjeng gusti,
nya éta ngaran pun Bayus,
ngajagi sor Ki Bayus,
nyanggakeun cai ka raja.

4. ki Majlab gancang ngahalang,
éling-éling kangjeng gusti,
poma-poma kangjeng sunan,
ulah tuang ieu cai,
ku pun Bayus téh dicampur,
pihaturnan pun Majlab,
barina nyanggakeun roti,
pok Ki Bayus ngahalang ka kangjeng raja.

5. Hé (…) Gusti kangjeng susunan,
ulah tuang éta roti,

karanten abdi pun majlab,
julig merong dampal gusti,
éta hatur gusti,
roti dibubuh dicampur,
ku racun ku baruang,
pun Majlab haturan deui,
baktos cai anu dicampur baruang.

6. Duka jalma ngangaranan,
adu regeng silihtuding,
ngahuleng sultan bin Royan,
héran nyanggakeun ngalahir,
hé Majlab tukang roti,
ayeuna kami moal tulus,
tuang éta roti téa,
kitu deui éta cai,
geura inum Bayus ku manéh sing béak.

7. Majlab teu daék ngadahar,
roti di payuneun gusti,
puguh éta dicampuran,
pun Bayus kop nyokot cai,
payuneun kangjeng gusti,
keguk diinum salembar,
datang kabéak pisan,
ari roti anu tadi, // 54
dipaparinkeun ka anjing sareng ka hayam.

8. Kabéh paéh kapisanan,
teu barisa ingkag deui,
raja sanget amarahna,

lajeng nyahur Mangkubumi,
raja Kitpirul aziz,
ieun majlab jeung bayus,
bawa ka pangbérokan,
salahna ngaracun kami,
kuma engké hukuman salahsaurang.

9. Gancangna Majlab dicandak,
jeung Bayus ku Kitpirul Aziz,
diasupkeun ka panjara ku sipir,
nu jaga bui,
hanteu ku kitfir,
ngasupkeun Majlab jeung Bayus,
kapareng ku Majlab,
diasupkeun ku Ki Sipir,
kana kamar nu aya Yusup pan téa.

10. Bayus Maj;ab suka bungah,
barang ret awas ningali,
kapeunteu Yusup kumawang,
matak ngilangkeun pirhatin,
ngomong hé ari adi,
nu ti mana lembur matuh,
radén Yusup ngandika,
kula budak ti Ibrani,
kula urag beulian bangsa lélangan.

11. Carék Bayus jeung Ki Majlab,
kakang suka teuing ati,
kabeneran reureujeungan,
jeung adi kakang ku asih,

wani lejar kakang piker,
najan dibérok Saumur,
ngan sok mun reureujeungan,jeung adi paduli teuing,
kakang resep hé ari rai Ibraniyah.

12. Radén Yusup téh ngandika,
kakang panuhun kang rai,
poma ulah aya manah,
asih suka ka kang rai,
bisi jadi balahi,
karana kapungkur-kapungkur bapa kula kacida,
suka diasih ka kuring,
kari-kari miasih mawa cilaka.

13. Jeung deui juragan kula,
pameget sarawuh istri,
mikaasih taya hinggana,
tangtuna jadi balahi,
éta kitu nu mawi,
kaula sanget nunuhun,
kakang ulah misuka,
miasih bisi balahi,
Bayus Majlab kedah miasih misuka.

14. Pokona téh dikumaha,
pikir heula suka asih,
lain beunang jijieunan,
beuki lami beuki asih,
Bayus ka Yusup nabi,
sahiji mangsa ngariung,
Yusup jeung baturna,

nu aya di jero bui,
isuk-isuk pada nyarita impian.

15. Anu ngimpi rupa-rupa,
ku Yusup ditoréh tabir,
anu éta alamatna,
impian manéh ti peuting,
taya hiji nu kari,
tabirna kabéh disebut,
taya pisan nu salah,
sapanyebut Yusup bukti,
Bayus Majlab tambah asih tambah suka.

16. Ngomong Bayus jeung Majlab,
budak urang Ibrani,
loba pisan kanyahona,
ngomong manis ahli tabir,
urang resep téh teuing,
hayu urang coba Bayus,
omongan Ki Majlab,
kaula rék nyarita ngimpi,
teu digugu anggur tabirkeun nu lian.

17. Pangandika Syéh Bu Bakar,
Isnadna ti bin Mujahim,
Ki Bayus lawan hatueunhé adi bangsa Ibrani,
hé adi bangsa aIbrani,
kakang suka téh teuing,
ka adi mutuh pinunjul,
Budiman bijaksana,
bisa ngalelejar ati,

piker suker dilelejar jadi waras.

18. Nu garering diludahan,
cageur padamaya putih,
jeung naon-naon kasusah,
dirérépéh jadi tiis,
dumadak jebul sipir,
sabot Ki Bayus mihatur,
sipir nyambung omongan,
éta leres pisan adi, // 56
kakang ogé bangetmiasih misuka.

19. samalah kakang mun bisa,
ngaleupaskeun tina bui,
engké baé sugan,
lamun geus salamet adi,
ku kakang dititah milih,
imah nu patut nu alus,
pun kakang anu nyéwa,
di mana kasuka adi.
Yusup mugen teu nyebut impian Majlab.

20. Jebul jalma anu lian,
tacan pok carita ngimpi,
geus disebut ku anjeuna,
kakang peuting tadi ngimpi,
kieu kakang nya ngimpi,
tabirna kieu disebut,
meneran pisan impian,
sapanyebut Yusup bukti,
Majlab keuheul réh teu waro manéhna.

21. Pok ngomong mun kitu éta,
pagawéan ahli sihir,
atawa ahli kuhanah,
pajarna tukang petangi,
tukang torah nu gaib,
bener sok aya nu salut,
Radén Yusup ngandika,
nyebut ka kami ahli sihir,
masya Allah ka nu turunan amanat.

22. Kami téh nyekel agama,
turunan ti nini aki,
Bayus alon haturan,
leres aya hamo sihir,
ari kakang ti peuting,
di jero kebon anggur,
angtung hareupeunana,
didinya kakang top metik,
tilu ragggeuy buah anggur nu arasak.

23. Tuluy dipeureut ku kakang,
caina anggur geus bijil,
dina lumur diwadahan,
tuluy dileueut ku gusti,
sulton bin Royan wali,
Radén Yusup tuluy ngadawuh,
diarep-arep ku kakang,
dina tilu poé deui,
kakang leupas tina pangbérokan waluya.

24. Awi jadi deui pangjaga,
tukang juru leueut gusti,
pok deui Majlab haturan,
ari kakang // pun kitu deui, 57
ngimpi nyuhun roti,
tilu keureut dina hulu,
ti dinya téh datang gagak,
carodcok macokan roti,
tilu keureut wani béak pisan.

25. Radén Yusup lajeng ngandika,
Majlab tilu poé deui,
manéh disaur ku raja,
diputus tuluy dipeuncit,
dipelakeun sakali,
hulu manéh dialun-alun dipanjara di tengah jalan,
datang kaburu meleding,
datang gagak macokan sirah andika.

26. Ngagidir Majlab ngomongna,
adi kakang hanteu ngimpi,
enyana mah arék nyoba,
kakang adi Ibrani,
teguhkeun ahli tabir,
ayeuna mah geuning salut,
puguh gé kakang ngabobodo hanteu ngimpi,
ditabirkeun samarukna mo kan enya.

27. Radén Yusup lajeng ngandika,
sanajan kakang teu ngimpi,
ngabobodo ka kula,

kula mah teu méré tabir,
tegesna tabirkrun sidik,
hanteu bohong hanteu palsu,
kakang mo nya gagal,
tilu poé deui pasti,
manis pait kapanggih lebah didinya.

XVII. PUPUH DANGDANGGULA (ed.)

1. Sigeung Yusup kocap sunan wali,
   kaopat poéna,
   ngadawuhkeun,
   nyaur Bayus di bérok,
   jeung majlab hanteu kantun,
   radén Yusup talatah wanti-wanti,
   sing éling ka kula,
   engké kakang bayus,
   panguningakeun ka raja,
   neda tulung kuring ku hayang geura bijil,
   di pabuwén enggeus lila.

2. Pangandika sohabat kulambi,
   Nabi Yusup dipanjara geus lima taun di bérok,
   ku sabab nabi Yusup,
   ménta tulung ka Bayus tadi,
   ditambahan ku Allah,
   punjul tujuh taun,
   tin u lima taun téa,
   panambahna // jumlah jadi lima welas di bui, 58
   taun Yusup lamina.

3. Bayus Majlab kocap geus arindit,
ti pabuwén diiring ku upas,
kajineman tingpolotot,
énggalna Majlab jeung Bayus,
geus ngadeuheusan ka payun gusti,
Kitpirul Aziz jeung jaksa,
sadayana kumpul,
sang raja wali nu dawa Kitfir jaksa,
nu ngaraosan perkawis,
Radén jaksa mariksa.

4. bayus Majlab manéh masing éling-éling,
ulah ékol wakca masing terang,
bisi ku kami dicégék,
naon nu matak Bayus,
wani-wani ngahalang gusti,
rék tuang roti ulah,
manéh geura tutur,
bayus tutur cedok sembah,
mun perkawis purwana abdi ka gusti,
wantu ngahalang tuang.

5. sabab abdi terang liwat saking,
yén pun Majlab nyampuran rotina,
ku upas baruang kahot,
purwa terang sakitu,
duméh aya sapirang-pirang mantra,
nu dengki ka raja,
hayang ngandih ratu,
tuluy ka pun majlab nitah neundeun baruang ka jero roti,
pun majlab nampi uang.

6. Pirang-pirang dinar katampi,
malah ka abdi gé ngupan,
ananging abdi teu daék,
nitah ngaburuh racun,
kana cai haturan gusti,
abdi sieun doraka,
jeung sinuhun,
saéna kabina-bina,
ka abdina getén tulatén welas asih,
sakitu kateranganana.

7. Dipariksa Majlab hanteu mungkir,
terang baé,
samoléh mantrina,
ka manéhna anu ngongkos,
ku si Majlab disebut,
pon katangkep harita mantri,
dibuang disangsara,
wawales nu husud,
pun Majlab geus dipaéhan,
ditancebkeun // huluna dipanjeur cicing, 59
di jalan parapatan.

8. Lebah dinya saé mun dipikir,
diimutkeun didamel tuladan,
wawales nu ati awon,
darowi dengki husud,
pati malik ka nu hiri,
sigeug kangjeng raja,
jabroil kacatur,

lungsur ka jero panjara,
pangandika kabatul ahyar jabroil,
dipiwarang ku Allah.

9. Mariksakeun ka dén Yusup nabi,
permana Allah yén Yusup andika,
tina taya kaaya téh,
saha anu damel Yusup,
saur Yusup Allah rabbi,
nu ngadamel kaula,
jabroil ngawangsul,
nu matak rama andika,
nabi Yakub sanget asih Yusup nabi,
éta paréntah saha.

10. Saur Yusup parényah Yang Widi,
Malak Jibril,
pok deui ngandika,
di jero sumur,
poék mongkléng taya batur,
tur ditaranjang andika nabi,
saha nu ngabaturan,
dina jero sumur,
jeung saha nu mere sinjang,
saur Yusup taya lian ngan Yang Widi,
nu maparin pakian.

11. Sareng Gusti Allah nu maparin,
pibatureun dina sumur téa,
jabroil ngandika alon,
jeung saha anu tulung,

ngaluarkeun tina sumur suni,
cek Yusup taya lian ngan Allah wungkul,
malak Jibril ngandika saha nu muruk takwilan,
impi,
saur Yusup ya Allah.

12. pangandika malak Jibril,
naha atuh manana andika,
kesel di jero pabuwén,
jeung ngomong // ka si Bayus, 60
ménta tulung jeung ka ki wali,
Bayus téh jeung saha éta,
jeung ki wali ratu,
lain bangsa tunggal mahluk Bayus wali,
jalma kaya andika.

13. Sabab kitu Yusup ku Yang Widi,
ditambahan cicing dijero panjara,
tujuh taun deui ongkoh,
jaba milima taun,
Kol Syéh bin Dinar Malik,
Yusup nyaur ka Allah,
abdi poho ngadu,
tina sabab réa teuing bahla,
nu tumerap ka diri abdi,
nyaur balakacapangan.

14. Na kumaha malaikat Jabroil,
kula rido kena hukum Allah,
sigeugkeun Yusup dibérok,
lampahna teu kacatur,

salamina di jero bui,
kacatur geus lila,
meunang tujuh taun,
saentas Bayus kaluar,
kacarita sinuhun Royan bin wali,
nyarioskeun impian.

15. Dikumpulkeun sanagara Mesir,
tukang nujum petangan,
jeung tukang sangkala bolong,
taya nu bisa nyebut,
alamat impian gusti,
sadaya pok riwan,
lain impén istu,
sok raja keukeuh manahna,
panasaran,
ku impian manah gusti,
kawas nu susah pisan.

16. Kocap Ki Bayus nu ngaladénan gusti,
dipariksa hé Bayus manéh,
sugan aya nya kanyaho,
manéh atawa batur,
anu bisa nabirkeun impi,
Bayus inget ngarénjag,
kana pesen Yusup,
nyembah unjnukan ka raja,
duwuh gusti aya pisan nu bisa nabirkeun impi,
mung aya dina panjara.

17. Hiji budak bangsa Ibrani,

awas pisn,
tara // salah sapanyebutna, 61
sok yaktos,
raja bungah ngadawauh,
los manéhna Bayus,
ka bui nyarritakeun impian,
geura Bayus,
kami ngimpi jalan-jalan si cai jol kaluar,
tujuh sapi lintuh gagh jaringas.

18. Hanteu lila jebul sapi,
sapi kuru rumanggieung begabg,
gering norélak,
rangkebong,
si kuru jeung si lintuh,
prok tepung di sisi cai,
diadu silihteunggar,
si lintuh diamuk,
ku sikuru diteureuyan,
hiji séwang si lintuh geus tanpa lebih,
dileg-leg ku si begang.

19. Sanggeus kitu kami tuluy indit deui,
béh manggihan,
areuy tujuh tangkal,
jebul cai nék kénéh,
éta areuy nu tujuh,
héjo pisan,
montok sarta luis,
wani hideung daunna,
ti dinya pacengul,

areuy garing tujuh tangkal geus méh bobo,
teu daunan kering rawing,
si gering tuluy ngarambat.

20. Kana areuy nu héjo ngabeulit,
areuy garing,
ngarambat muncak si héjo,
datang kapaéh,
ku si garing dipuuk,
éta kitu impian kami,
Ki Bayus nyembah angkat,
kocap geus tepung,
jeung Yusup pok cacarita,
sakumaha rupa impian nu tadi,
Radén Yusup ngandika.

21. kakang Bayus unjukan ka gusti,
raja kudu maréntahkeun nyawah,
ngahuma melakan pare,
misitkeun melak ganrum,
tujuh taun simpen di leuit,
karana alamatna,
dina tujuh tahun,
pahila banget nguyang,
kurang pangan kabéh nagri,
bersih hanteu boga kahirupan.

22. Bayus matur hé adi nu sidik,
hanteu lila kakang amit mulang,
rék ngunjukkeun ka sang katong,
Radén Yusup nyaur,

pangunjukkeun ka kangjeng gusti,
neruskeun naon sabab,
istri opat puluh,
mana ngareureut leungeun,
jeung pariksa garwana Kitfirul Aziz,
saha kula nu salah.

23. atawana nya éta nyi putri,
anu matak kula dipanjara,
sapuluh tahun dibérok,
gancangna Bayus tuluy ngadeuheusan ka seri Mangenit
diunjukkeun sadayana,
sapanyebut Dén Yusup,
ku raja bol-bol kamana bungah teu nguluwut,
léar kalih,
nyaur tah éta jelema.

24. Teges bener ahli tabir ngimpi,
cedok nyembah,
Ki Bayus unjukan,
abdi gusti nu dibérok,
seja gaduh piunjuk,
naros éta pat puluh istri,
na kunaon purwana,
ngeureut leungeun rampung,
jeung pariksa Nyi Juléha,
saha nu mikahayang téh Nyi Putri,
atawa budak téa.

25. Raja wali lajeng nyaur Kitfir,
miwarangan ngumpulkeun sadaya,

nu opat puluh éwon,
kocap enggeus kumpul,
istri di jero puri,
jeung Ratna Juléha,
gancang raja nyaur,
hé awéwé maranéhna,
anu matak ngeureut leungeun pribadi,
éta naon sababna.

26. Cedok nyembah matur istri,
mun mariksa purwa leungeun rusak,
ku abdi kakeureut péso,
sababna katungkul,
nu nénjo kasép leuwih,
kakara umur-umuran, // 63
uninga nu kitu,
kinten malaikat,
nya paingan nyi putri kédanan leuwih,
sanés ilang wiring.

27. Lajeng raja mariksa nyi putri,
hé Juléha,
saha nu hayang,
Ibrani atawa manéh,
radén putri tuluy matur,
nun pariksan yaktosna abdi,
nu kagoda ku ayétan,
Ibrani nu istu,
kangjeng rasul kacarita,
waktu keur nyarios ka sahabat kami,
lebet Bayus nyarita.

28. Dipiwarang ku raja sulton wali,
ku mas sipir raja.

29. ngajait Yusup nu kasép,
ku sabarna sakitu,
aris temen tur beresih galih,
lamun sagedé urang mah,
moal waka nyebut,
tabirna éta impian,
jangji heulaanan,
hade kula nyebut perkawis,
tabirna éta impian.

30. Sanés deui éta sah bangsa nabi,
bangsa mursal dikasih ku Allah,
manah sobar tur soléh,
teu kersaeun jangji kitu,
hanteu burung gusti Yang Widi,
ngahampura ka anjeunna,
kocap deui ratu miwarang kajineman,
ngaluarkeun Yusup ti jero bui,
disaur ka mandapa.

31. Kacarita bareng Yusup bijil,
ti pabuwén lajeng ditulisan,
di luhureun lawang bérok,
ieu kubur nu hirup,
ieu mah tempat pirhatin,
imah cobaan manah,
nu sidik nu palsu,

imah tempat pamutusan,
satu dengki anu nganyerikeun ka diri,
nyampurnakeun kacuwa.

32. Sanggeus kitu Yusup tuluy mandi,
dipisalin ku sipir pakéan,
nu weuteuh meueusan hade, // 64
ti dinya Yusup tuluy,
ngadeuheusan ka kangjeng gusti,
bareng tepi ka lawang,
Radén Yusup nangtung,
bari ngaos dua asma,
barang asup ka kadaton ngaos deui,
dua séjén uninga.

33. Barang Yusup ka raja ningali,
Yusup hurmat ngangken panangan,
bari matur déngé-déngé sareng saliring sambung,
ku omongan basa Arab,
raja lajeng mariksa,
basa naon kitu,
omongan urang dimana,
Yusup éta basa paman abdi,
Ismail urang Arab.

34. Ganti basa Yusup ka Ibrani,,
raja mésem,
éta basa mana,
geuning sején deui baé,
Dén Yusup nyembah matur,
éta bapa abdi Yakub Isroil Allah,

saur wahab ratu,
reujeung Yusup sadiukna,
sasahuran basa warni,
tujuh puluh babasan.

35. sarua Yusup reujeung wali,
pada kitu,
sarua pinterna,
pada ngaos basa kabéh,
nu nguping tingparinguk,
ti hiji jalma nu ngarit,
raja éta manahna,
patepung jeung Yusup,
dalitna kabina-bina kaya kopi dicampur jeung cai,
kinanti cai nu asak.

XVIII. PUPUH KINANTI (ed.)

1. Sang raja walid ngadawuh,
hé andika Ki Ibrani,
saha ngaran anu enya,
sarta saha rama Ibrani,
asal turunan ti mana,
Radén Yusup hurmat tadim.

2. Nun abdi ngaran pun Yusup,
anu Yakub hapiyullah,
Yakub putra Nabi Ishak,
sang Ishak putra Ibrahim,
sangraja wali ngandika,
kula sanget bungah ati.

3. Hayang ku sorangan ngadangu,
tabirna impian kami,
pok Yusup geura carita, //
…

4. // Geus lastari,
ngandika para sohabat,
na Yusuo keur naon teuing,
kudu nuhunan ka raja,
hayang jadi juru tulis.

5. Sabab najan teu nunuhun,
mun enya nu séjén deui,
ku raja wali bin Royan,
nu dijadikeun juru tulis,
nu tukang ngurus maréntah,
tangtu Yusup nu kapilih,
sakitu aya kapikayungyun.

6. Tur Yusup bijak pinanggih,
urang Mesir hamo bisa,
ngurus tatanén mangarti,
pangsakitu ngadawuhna,
éta gusti kangjeng nabi.

7. Éta bawaning panuju,
ka Yusup sarta berbudi,
mangga malikan carita,
énggalna anu ngagurit,
nyawah ngahuma geus ubyag,
palawija jagong jeli.

8. Lumbung-lumbung geus ngabagug,
leuit geus ngabaris,
kudang-kudang geus sadia,

kantor tulis geus cumawis,
pare gandum alus pisan,
pepelakan sarua jadi.

9. Sabab tahun ngunduk-ngunduk pibuateun paré sami,
jeung eusining palawija,
jaramina pon diarit,
disimpen di hiji kudang,
ngawungkul tempat jarami.

10. Barang jangkep tujuh tahun,
datang huma-huma garing,
hanteu kapuluk beunangna,
mimiti werit paceklik,
dumadak loba sasalad,
kana ka jalma ka munding.

11. Panas muriang jeung taun,
nyorang ka sagenep nagri,
katambahan réa jalma,
jalma nguyang-nguyung gering,
mun nyorang ka lebah urang,
kinten pipes taya majadi.

12. Loba sawah anu gamhung,
kumarit réa panyakit,
jalma réa anu hilang,
sapi // munding agah mati, 68
tambah lila tambah mahal,
harga béas gamdun samir.

13. Ngan di nagri Mesir wungkul,
anu jejeg sugih murti,
réa paré loba ketan,
kamuptén keton jeung duit,
mimiti datang nu nguyang,
di nagri Syam ka Mesir.

14. Ari radén éta Yusup,
dumukna di jero puri,
teu meunang anggang ti raja,
kalangkung dipikaasih,
budal sagala rasiah,
raja ka dén Yusup nabi.

15. Istu muhalil salulut,
dén Yusup jeung sultan wali,
juru simpen jeung rasiah,
jeung juru simpen inten duit,
hiji mangsa kacarita,
sang raja wali ngalahir.

16. Hé ayeuna urang Yusup,
geus campur jadi sahiji,
sawawa di sarasiah,
Yusup kalangkung kami,
ngan tacan satowong dahar,
ku hayang reujeungsapiring.

17. Radén Yusup alon matur,
éta hak pisan sang aji,
kuring neda sasisihan,

sabab kuring anak nabi,
sanajan gamparan raja,
mo ngungkulan darajat nabi.

18. Ti dinya kangjeng sinuhun,
saban tuang sami-sami,
Yusup geus wanter manahna,
kocap ki Kitfirul Aziz tina kakolotanana,
datang ajalna hos mati.

19. Ratna Juléha sepuh,
waos ompong rambut putih,
rangkébong iga norélak,
randa anu matak birahi,
Yusup geus bujang genjléngan,
rumeja putra téh bukti.

20. Yusup tilu puluh tahun,
ngan aya leuwih saeutik,
tapi Ratna Juléha,
nya gé geus nini-nini,
wantu kokorompong emas,
lain cara // beling piring. 69

21. Kacarita kangjeng ratu,
kagungan maligai rukni,
sawur Abdullohil Abbas,
maligai emas rinukmi,
rurumbé ratna mutiara,
maligai atawa katil.

22. cahyana hurung mancur,
nganggo nétra sutra wilis,
nganggo genep puluh bolsak,
jeung tilu puluh saperti,
alketip sutra dewangga,
ari luhurna si katil.

23. ukur asta tilu puluh,
gedéna katil rinukmi,
éta tilu puluh asta,
katil palinggihan aji,
panginten puwadé téa,
atawa bangsa palinggih.

XIX. PUPUH ASMARANDANA (ed.)

1. Para ponggawa para bopati
kumpul salinggih-linggihna,
satempatna séjén-séjén,
jéjér jajar di mandapa,
payuneun katil mulya,
énggal raja nyaur Yusup,
lajeng disandangan padang
.
2. Dilinggihkeun jero katil,
Yusup cahyana kumawang,
eukeur mah dadasar kasép,
katambah ku perhiasan,
sutra inten emas-emasan,
cahyana mencror sumuwung,
kaya reremekan kaca.

3. Hariring ratu ngalahir,
hé sadaya para ponggawa,
ieu kula meré nyaho,
ayeuna Yusup diangkat,
raja nu ngambah wenang,
raja nyaurna sakitu,
bari metakeun makuta.

4. Ka mastaka Yusup sidik,
pangandika sri naléndra,
hé ayeuna Yusup soléh,
kumaha ujang tarima,
diangkat jadi raja,
jadi kaki tangan ratu,
kang rama wungkul naléndra.

5. Nu ngajaga jeroning puri,
Yusup nu ngolah naléndra,
kang rama teu nyaho-nyaho,
hadé goréng kuma putra, // 70
kusut kereteking (sic !) jaman,
ditanggung ku bahu Yusup,
kaserahkeun kabéh pisan,
pedang makuta keung katil,
cap karajaan jeung nagara,
ayeuna jaman sésérén,
Yusup matur tadim hurmat,
sadalah dikumaha,
najan abdi henteu patut,
pernah ka jadiraja.

6. Lain ahli jadi aji,
dipangersakeun gamparan,
kumureb saboléh-boléh,
pok deui raja ngandika,
hé kabéh ponggawa pramantri praratu,
ayeuna kabéh saksian.

7. Sadayana nyembah tadim,
sumuhun timbalan raja,
abdi gamparan sakabéh,
jumurung kersa gamparan,
ngiring tur suka kacida,
sadaya bade sumujud,
ka Radén Yusup Sri Nata.

8. Sang raja ngalahir deui,
sanggeus padanyaksi trima,
ponggawa mantri kaliron,
kudu padaméré tanda,
nya éta sasalman, (sic !)
ka Yusup raja nu baru,
sadayana ngajurungan.

9. Teu lila jebul cikopi,
pamasangan geus ditata,
tuang leueut ramé-ramé,
parantos nu barangtuang,
bubaran sadayana,
anu ngalér anu ngidul,
masing-masing padarencay.,

10. Sang raja wali di puri,
ngaraton (sic!) ngan kantun nama,
naléndra pantiur baé,
Radén Yusup anu ngolah,
kawasa pangawasa,
hanjakal kangjeng sinuhun,
teu ka // gungan pisan putra. 71

11. Nabi Yusup ratu Mesir,
harita geus ngayasa,
ku anjeun damel kadaton,
nagara sarta kacida,
sadaya tambih suka,
ngawulana sungguh,
taya nu mangmang taya nu baha.

12. Sigeug Yusup kocap deui,
nu nguyang ti mana-mana,
ka Mesir datang sakabéh,
mimiti marawa uang,
tambaga pérak emas,
ngan satahun kudang pinuh,
hiji ku mas pérak.

13. Sunah wali suka galih,
réh sugihna tanpa lawan,
ladang samir paré,
nu nguwang geus béak pisan,
mawa sabanda-banda,
Yusup ku anjeun nun gurus,

marinan ngajual nimbang.

14. Ari éta kantor tulis,
paranti Sang Yusup nyerat,
sisi pisan jalan gedé,
nu liwat kabéh katingal,
kocap Ratna Juléha,
manahna teu putus-putus,
batan paler anggur tilar.

15. teu raos geus cetuk huis,
lar liwat ngahelaran,
beunangna midang panganggo,
sutra-sutra emas-emasan,
suweng séta berlian,
tur nganggo geulang kangkalung,
kawas parawan jekékan.

16. Sora emas diadu manis,
jeung marjan digeulang mahrab,
dianggo geulang kongkorong,
sal sutra maksa mayura,
nganggo selop bordél emas,
ari umur tunggang gunung,
manah mah pecat rakitan.

17. Angkat loba anu ngiring,
anu mawa tempat ludah,
tampekan emas paparaheun,
ngaliwat ka kantor nyerat,
barina dédéheman,

Yusup nyerat bari tungkul,
teu nolih ka nu ngaliwat.

18. Juléha // angkat gumeulis, 72
saban poé sok ngaliwat,
tungtungna Juléha nénggor,
ka korsi érmawar,
barina ngadéhéman,
Yusup ngandeg semu bendu,
pokna éta nini saha.

19. Éta hadé tata karama,
kuma pipikiranana,
lelewa aced bumogoh,
gogoda kabina-bina geura seuri tukang nimbang,
nénjo Juléha sakitu,
nguping Juléha kalahiran raja.

20. Ti dinya Juléha usik,
ku sang Yusup dibuburak,
bari ngagelendeng ongkoh,
tukangna keur nimbang béas,
huleng semu reuwas pisan,
salempang ku Yusup,
réh nampik nyesel kacida.

21. Nyeblak Juléha rasa éling,
lajeng mulih ka bumina,
geus sumping nyandak pangilo,
pék ngaca geus sepuh pisan,
ningali peupeureudeuyan,

ti dinya rampuyuk nyuuh,
barina gogolépakan.

22. Ningkeb anjeun beurang peuting,
kaédanan campur wirang,
réh teu boga rasa kolot,
manahna keker teu pohang,
palay ku Yusup ditikah,
ras ngélingkeun enggeus sepuh,
euh aing kuma petana.

23. Manah peurih lir digisik,
ngéntab panas tur bayeungyang,
lir diturih sumérését,
tina langkung raos wiring,
tengah peuting kaluar,
tuluyna ka gunung,
angkat sakaparan-paran.

24. Tina sangeting pirhatin,
angkatna bari midamdam,
nangis teu répéh-répéh cisoca upama hujan,
malah Ratna Juléha,
raray pinuh ngucur lamur,
nangisna uleng-ulengan.

25. leuleuweungan beurang peuting,
nyalira kadua kalangkang,
teu barang dahar teu saré,
geus palay tuluy ngalungsar, // 73
di handapeun kayu camara,

ngurut-ngurut indung suku,
bari sasambat ka Hubal.

26. Hé Hubal berhala kami,
irahanya dipasihan,
ka Yusup kami sajodo,
lamun teu pareng ditikah,
ku Yusup saayeuna,
kami paéh pinggir gunung,
duh Yusup jungjunan manah.

27. Sabot Juléha nangis,
jebul aki-aki datang kudang iteuk rayah-royoh,
bongkok geus kolt kacida,
gancangna pok mariksa,
aéh naha hanteu umum,
aya awéwé sorangan.

28. Tengah leuweung ngan pribadi,
aya awéwé kumaha,
Ratna Juléha ngawalon,
kula jalana kasusahan,
hayang ka hiji jelema,
papacangan ti lelembut,
ti eukeur pada barudak.

29. Ayeuna kula ditampik,
padahal kula parawan,
liwat ngenes nyeri haté,
rasa disasaak bayah,
naget prihatin kaula,

asa didudut jajantung,
peurih ati panas bayah.

30. Aki-aki nanya deui,
kayungyun ka nini tua,
kolot-kolot beberenjen,
leuleuweungan kaédanan,
ku saha nya lalakina,
jawabna nya éta Yusup,
papacangan ti baheula.

31. Ki sepuh seuri nyikikik,
éh nini-nini tua,
ku Yusup kaédanan téh,
nini kumaha aya rasa,
coba ngeunteung cing awas,
awalan nini jeung Yusup,
kula gé nini téh nimbang.

32. Anggeus sepuh teuing nini,
kula gé teu kabita,
komo Yusup moal bogoh,
nini sing nekal salira,
ku kalangkang ogé éra,
rambut nini cetuk dawuk,
Yusup // bujang sareng ngora. 74

XX. PUPUH SINOM (ed.)

1. Bin Juléha ngandika,
nya éta nu matak ngerik,

kula kolot itu ngora,
padahal kula keur leutik,
taya deui nu jsngji,
nu nyarék kawin ngan Yusup,
kaula geus nanyaan,
Yusup ku anjeun sumping,
malah kaula geus héés tuluy gugah.

2. Sumangga bujang énggalna,
montong dibélotkeun teuing,
aki téh tuluy mariksa,
Kai nyai Juléha Déwi,
hé Juléha nyai,
mun keukeuh hayang ka Yusup,
waca dua kalimah,
sahadat manjing agama,
sarta nyai tuluy leumpang lebah wétan.

3. Suku gunung ieu papag,
mangké manggih tangkal kai,
di handapna béh panewan,
di dinya téh nyai mandi,
mandi niat beberesih,
nya mesék sarta diwuwung,
sing percaya ka kaula,
ieu kula malak Jibril,
Radén Ratna Juléha maos sahadat.

4. Hanteu lami malaikat,
geus lewungit deui,
Nyi Juléha tuluy mapay,

semu ngétan pinggir bukit,
teu lila katingali,
tangkal kai ngarunggunuk,
geus deukeut béh kapendak,
pancuran kancana wani,
kancana emas talangna, hérang caina.

5. Di handapna make damper,
ku minangka témbok jubin,
marmeren inten komara,
lain marmer batu jubin,
énggal nyi radén putrid,
ka pancuran tuturubun,
tuluy siram dilanglang,
rambutna anu cerewing,
dikuncurkeun ti pungkur rambut ngarumbay.

6. Ti dinya rambut Juléha,
dawuk tur pondok cerewing,
barengna enggeus silanglang,
rambut gompolok hideung deui,
panjangna // liwat bitis, 75
mun ngarunday kagugusur,
anjeunna ogé nyeblak,
bareng ningali rambut palid,
dibalikkeun ka hareup nungkup salira.

7. Kokosok kana salira,
kulit nu karenyod deui,
peungkeur deui karampana,
ningalian kana bitis,

buncir deui lir jaksi,
bitisna pundak sajantung,
ningalan kana dada,
cangkir kadingna merekis,
sareng jadi pinareup lir bubut pasang.

8. Atawa lir bubut panggal,
kulit kolot pulih deui,
puguh tadi gé parawan,
ayeuna mah komo teuing,
Nyi Radén Rail,
emas duket ditambah simpuh makasar.

9. Parantos anu siram,
Ratna Déwi lajeng mulih,
teu kacatur dijalana,
liwat pinggir kantor tulis,
ku Yusup katingali,
Ratna ngarundaykeun rambut,
diséréd-séréd tungtungna,buyudu gé kajeun teuing,
pinuh taneuh rambut panjar dikakandar.

10. Radén Yusup ré ningali,
bingung kagét nyeblak galih,
nyaur jeroning manah,
naha saha éta istri,
siga Nyi Radén Rail,
tapi Nyi Rail geus sepuh,
éta parawan ngora,
meujeuhna rumaja putrid buuk panjang,
sarta hideung matak nyeblak.

11. énggal Radén Yusup nyerat,
manah nyarantek nyalengit,
nyeratna loba nu salah dicurek dicurak carik,
tina katungkul ningal,
kertas ngabugbrug,
nu salah dipiceunan,
ngaladangan gandum sair,
hanteu puguh,
uwar awur mawur // manah. 76

12. Isukna Déwi Juléha,
angkat loba anu ngiring,
ngaliwat pinggir kantorna,
beunangna midang disalin,
sang sutra sara kuning,
disulam héjo jeung wungu,
jeung beureum kembang-kembang di tengahna,
marek ngibing kangkalung marjan gahrab jeung berlian.

13. Ditambahan ku ranté emas,
dina dada silat sulit,
ngarumbay dina tenggekna,
nganggo jamrut anting-anting,
rapung cingcin di jariji,
emas panon jamrut,
selopna bordél emas,
térétés inten Ratna di,
eukeur geulis katambah ku panganggona.

14. Geulisna Ratna Juléha,

teu bisa nyebutkeun deui,
semu-semuna katingal,
tiluareun kulit bitis,
upama tuang cau,
katingal cai turun,
tina jero tenggekna,
lain warna putih kuning,
bodas ngaplak semu beureum katingalna.

15. Najan Ratna Déwi Sinta,
atawa Banowati,
hamo sacinggir-cinggirna,
Nyi Radén Ratna Bu Rail,
geulis kawanti-wanti,
nyi ayu punjul ti batur,
najan rangganis pisan,
geulisna panganggit bujanggi,
ari Ratna Juléha,
geulis enyana.

16. Bujangga teu bisa nyebat,
leuwih geulis kurang tulis,
yén cinandra kurang candra,
péndékna mah taya deui,
istri cara Nyi Rail,
saumur dunya dumawuh,
lir istri sawarga,
kajaba retuning istri,
di sawarga nu sami Siti Fatimah.

17. Énggalna putrid ngaliwat,

dipayuneun kantor tulis,
Yusup nyerat mancangah,
ningali ka Ratna Déwi,
tamplok mangsina tikuling,
kusut buku muwar mawur,
jidarna paburantak,
katungkul ningali putri,
pok mariksa ka tukang naker // béas. 77

18. Éta awéwé téh saha,
nun ngaliwat pulang anting,
pantes mun jadi pawarang,
méh sarimbag jeung Nyi Rail,
tatapi ieu leuwih,
nya ngora nya punjul patut,
nu tukang naker nyembah,
mun pariksa kangjeng gusti,
abdi engké éwed kalangkung kalinglap.

19. rék disebatkeun Radén Ratna,
da éta mah anom leucir,
arék disebat anu lian,
sasarina taya deui,
anu sok pulang anting,
tur sarimbag sapamulu,
rék disebat raina,
teu kagungan deui rai,
nanging leres pangiringnana mah sadaya.

20. Sang Ratu Yusup ngandika,
ieu kudang geura kunci,

coba ku ilaing mapay,
éta enya téh Nyi Rail,
atawa séjén deui,
gancangna nu mangun catur,
kudang geus dikuncian,
tukang naker mapay sidik,
Ratna Déewi Juléha balik ngora.

21. Saperti anu sedeng ngora,
opat welas tahun putri,
hanteu liwat hanteu kurang,
pinareupna karék jadi,
sacangkir kalapa gading,
sang ratu Yusup kayungyun,
mun lain ninggang mursal,
nya meureun nyelengit ati,
hanteu lami lajeng miwarang nayaan.

22. Hiji jalma nu utama,
mawa tanda inten duit,
tempatna kanagan emas,
kocap jawabna Nyi Rail,
kuring teu werat teuing,
dipigarwa ku ratu,
lain pikeun garwa raja,
karana cacah nu pasti,
kuriyah raja katempuhan.

23. Mapan réa-réa raja-raja,
nu kagungan putra geulis,
parawan buat pangarang,

montong ngadoja ka kuring,
nini-nini nbarudeg,
sarta pangawak pahatu,
nya randa panampikan,
éta naon candak deui,
montong suker nya nganti saé // manahna. 78

XXI. PUPUH KINANTI (ed.)

1. Utusan ngahuleng bingung,
mikiran sangkan ngajadi,
rék mulang rasa kapalang,
palangsiang untang anting,
untang anting mawa tunda,
mun mulang tacan kajing-kajing.

2. Ku putri dijurung-jurung ti dinya ngeureuyeuh
deui mulih,
kocap jeung raja geus tepang,
piunjukeun saur putri,
Yusup bingung tambah bingbang,
mun urang mahmeureun ceurik.

3. Nayaan hanteu kaasup,
gugulayap nyiar sihir,
geuning sok aya nu nyata,
kajeun rugi ratus duit,
ngabélaan napsu hawa,
kajeun tapa dapon hasil.

4. Nabi Yusup mah teu kitu,

sabar baé sabab nabi,
diserahkeun ka pangéran,
kabéh gé kagungan gusti,
lamun pijodoeunana,
mugi énggal ka pamilih.

5. Lamun lain jodo atuh,
kumaha kersaning gusti,
mugi pasihan gantina,
anu saé lahir batin,
énggalna Yusup nguninga,
ka Sunan Royan bin Wali.

6. Ieu piunjukna sang ratu,
saleresna jisim kuring,
nyaking damel ngembah wenang,
gaduh rorompok pribadi,
pinten-pinten suka bungah,
kumargi kombaraning gusti.

7. Ananging teu gaduh lampu,
surem cahayana rompoki,
sim kuring karanten aya,
basana istri lampu bumi,
sanggar buwali nyakakak,
hé Yusup bener téh teuing.

8. Najan imah témbong alus,
mun taya dammar mah sepi,
kitu deui raja beunghar,
mun bujang teu tenang ati,

nya bener geura néangan,
da amalah ngagilincing.

9. Jeung ibu mah hapa gabug,
lah Yusup hanjakal teuing,
kumaha lamun kadinaya,
ngan éta geus kolot teuing,
pihatur Yusup ka saha,
Naléndra wali ngalahir. // 79

10. Lamun ngarangkeskeun dangus,
yusup euweuh pisan piker,
tatapi kuma ayeuna,
da éta geus nini-nini,
hilang baheula keur ngora,
batan daék suka mati.

11. Ratu Yusup nyembah matur,
yén dikersakeun ku jeng Gusti,
nya ka éta gé sumangga,
seja kumureb téh teuing,
nanging dipariksa heula,
Nyi Rail ku dampal Gusti.

12. Sri Naléndra tuluy nyaur,
moal dipariksa deui,
mungguh bawa rasa ama,
sageuy ucing nampik beurit,
sang Yusup nyembah unjukan,
hanteu kitu kangjeng Gusti.

13. Pikir jalma hanteu kukuh,
terkadang sok lanca-linci,
sanajan geus misti pisan,
teu inggis ahirna jalir,
kaya cai manah éta,
mundigulaan sok amis.

14. Dicampuran inggu bau,
diuyahan jadi asin,
lamun dibartawalian,
cai téh sok rada pahit,
kitu deui ati ngaalah-alihkeun gampil.

15. Kamanah ku kangjeng ratu,
sapihatur Yusup sidik,
teu lila énggal nimbalan,
nyaur Ratna Déwi Rail,
kocapkeun baé geus dongkap,
Nyi Rail mendak di puri.

16. sadongkapna kangjeng ratu,
céngéng ningali Nyi Rail,
ngagebeg kagét manahna,
ka linglap ku Ratna Déwi,
réh jadi leuwih tulisna,
parawan sedeng tumarik.

17. lajeng mariksa sang ratu,
éta téh Nyi Radén rail,
sembah pariksa gamparan,
nunabdi téh pun Rail,

jeung sultan énggal mariksa,
ari ayeuna Nyi rail,
mana ku kami disaur,
sugan aya titis tulis,
dikersakeun ku pangéran,
sugan sajodo ngajdi, //
rék ditikah ku kaula,
karana lagas Nyi Rail.

18. yusup duda jadi ratu,
nista mungguhing sang aji.
lamun teu boga pawarang,
arék ku kula dipikir,
taya pisan itu meujeuhna,
nu pantesngan Déwi Rail

19. Dinungkul ku payung agung,
nyai téh nu paryugi,
pawarang pamilang tihang
Nyi Juléha matur tadim,
sumungkem kersa gamparan,
nanging Yusup nu mo sudi.

20. Dawuhan Ratu mo Yusup,
nu banget misuka Rail,
ka kaula geus unjukan,
poé isuk kudu kawin,
Juléha matur nimbalan,
kumureb kersa gusti.

21. Teu dibélotkeun pihatur,

keuheuleum teuing nu ngangit,
kocapkeun baé isukan,
geus kenpelan prabopati,
pada nganggo kamistian,
ponggawa jeung mantri-manrti.

22. Sedaya digedong kumpul,
Yusup geus teu salin deui
saban poe-poe midang,
nganggo makuta rinukmi,
duka kumaha nikahna,
da urang dinya téh kapir.

23. Campur baur pabaliut,
kapir Islam sareng nabi,
keur mangsa jalma harita,
jadi bodo anu ngangit,
gancangna gedur bedilna,
helaran Yusup jeung Rail.

24. Karaméan tambah tangtu,
montong disebutkeun teuing,
teu mantak ngagétkeun manah,
kalobaan baé tulis,
loba diunggal wawacan,
nu nyebut karasemen kawin.

25. Kocap Nyai Juléha kaul,
sajan ngawurkeun duit,
emas pérak dirham dinar,
talatén ringgit jeung rispis,

nu diwurkeun dijalan,
diparulungan ku istri.

26. Jeung pameget pabaliut, //
perbu nu mulungan duit, 81
Nabi Adam gé jeung Hawa,
heleran diawur duit,
maliakat disawarga,
manana urang kiwari.

27. Pangantén mana diawur,
ku béas konéng jeung duit,
éta niron nabi Adam,
ganti dinar nya éta kuning,
béas ganti yén pérak,
baheula mah disawargi.

28. Ku duit mas pérak istu,
kitu deui Sayid Ali,
heleran jeung siti pFatimah,
ku malaikat diaping,
disawér ku emas pérak,
candak jibril ti sawargi.

29. Jadina téh tambah kitu,
pangantén disawér duit,
éta hadé-hadé pisan,
sabab niru lampah nabi,
jeung deui anu mulungna,
hanteu mantak cacad diri.

30. Hanteu haram hanteu makruh,
mulungan panyawér duit,
hanteu mantak ilanggo marwat,
tapi makruh nyanggap duit,
panyawér nu tacan ragrag,
ieu poé garit manis.

XXII. PUPUH DANGDANGGULA (ed.)

1. Yusup ratu jeung nyi Rail,
enggeus sumping linggih dibumina,
geus tangtu pagédéng-gédéng,
calik dina bangku agung,
bérés baris ais pangampih,
dijajar ku emban-emban dirung ku gelung,
diayap ku garwa ménak,
sabisa nu entas réndéngan kawin,
sadaya gé geus uninga.

2. Sami-sami bobar par bopati,
geus lekasan nu mangkat kariya,
montong kabéh dicarios,
Rail jeung ratu Yusup,
geus mupakat tunggal sarasmi,
sang Yusup sasahuran,
dijero tempat tidur,
ka Ratna Déwi Juléha,
mana hadé baréto reujeung kiwari,
mungguh rasa engkang mah.

3. Leuwih hadé sampurna kiwari, //

lampah bener jeung hanteu doraka, 82
ayeuna mah simpé jempé,
senang-senang sakamampuh,
moal aya nu nyiksikudi,
Rail mésem maturan,
engkang ulah kitu,
montong mokpokeun baheula,
coba manéh kuma teu dék kitu kuring,
nyai téh jalma ngora.

4. Ari boga salaki ka Kitfir,
jeung geus kolot,
tur tanpa daksa,
parabotna koméng lépét,
jeung engkang prok patepung,
najan manggih deui lalaki,
nu saimbang sapantar,
lain pisan nguntup,
mawaning tariking sétan,
hanteu mikir yén engkang bakalan nampik,
réh kuring kongas rupana.

5. Éta kitu rupaning lalaki,
lamun aya istri roy manah,
tangtu pandeurieun awéwé,
tangtu tinekannan lulus,
ari cék sahiji,
lalaki éta tara roy waka manahna kapincut,
birahi kaistri lian,
anging tangtu anu sir,
nembé lalaki suka.

6. Kitu deui manggih kula gisti,
tara pisan muhibat ka Allah,
tegesna muhibat bogoh,
anging kudu ka yang agung,
asih heula pandeuri,
kakara panaul pana,
dalil yuhibbuhum,
wayuhibbunahu éta mangsa Allah asih,
kakawula ning asih,
tang tu kawula suka.

7. Ari jalana anu dipika asih,
kudu jalana deuheus ka Allah,
jalan deuheus ka yang manon,
nya éta urang kudu,
torékat nabi,
amal nu sunat-sunat,
sumawona nu pardu,
jauh tina makruh haram,
mun teu kitu maripatna hamo nepi,
hadis kudsi dalilna.

8. Mangga urang malikan di Mesir,
kocap deui anu kapahilan,
nu nguyang ka Mesir kabéh,
ti mana-mana cunduk,
kacarita, // tanah Ibrani 83
nu kocap ti Kanaan,
sang sir nabi Yakub,
geus lila pisan jeung putra,

opat puluh taun lamina hanteu kapanggih,
jeung nabi Yusup putrana.

9. Remen pisan tepang jeung Ibrani,
saban tepang nabi sok mariksa,
sobat malak maot,
di tempat mana Yusup ku andika di selir,
nya dicandak nyawana,
Ijroil ngawangsul,
éta Yusup putra tuan,
aya kénéh di dunya tacan diselir,
ahirna gé tangtu tepang.

10. Kitu baé unggal-unggal panggih,
nabi Yakub jeung Ijroil malak,
Radén Rubil kacarios,
haturan kalangkung,
kakirangan pangan harti,
nabi lajeng ngandika,
hé Rubil Samaun,
geura mapay-mapay béja,
anu aya gandum atawaning sair,
maranéh geura nyiar.

11. Radén Rubil haturan di Mesir,
anu réa gandum sareng béas,
pangguyangan nabi kabéh,
ngandika nabi yakub,
beral manéh leumpang ka mesir,
bawa saaya-aya,
pakeun ngurup gandum sipat duit ambrang-ambrang,

tapi poma montong dibawa ku Bunyamin,
bisi cara kakangna.

12. Putra-putra darangdan,
anu meungkeut anu ngarut babawaan,
téko talem sééng katél,
rangkal sagaduh-gaduh,
mawa ogé duit saeutik,
kocap baé isukna,
putra-putra ngabrul,
nanggung barang rupa-rupa,
gagarabah apes martabat Ki Rubil,
gagabah mawa gagabah.

13. Ngan sapuluh putra ka Mesir,
Bunyamin kantun di Kanaan,
rama teu maparin mios,
sieun cara Yusup,
sigeug lampah Samaun // Rubil, 84
kocap sang Yusup raja,
di Mesir sugih langkung,
isuk-isuk enggeus dangdan,
nanggo pedang nganggo makuta rinukmi,
saged sapopoéna.

14. Ayeuna gé Yusup raja Mesir,
sugih mukti,
réa ketan réa keton,
tapi tuangna sapoé,
tara mindo ping telu,
tengah poé baé sakali,

ditaros ku sadaya,
naha mana kitu,
saurna sababna kula sok lapar teu suka,
sabab mutiktrik,
lamun sabab kaula.

15. Sieun poho ka sakabéh abdi,
anu lapar anu kurang pangan,
sabab kaula teu ngarasa,
kentel peujit ngurubuk,
rasa kaula sakabéh abdi,
tangtu cara kaula,
temah poho batur,
kocap anu nguyang datang,
teu kampeuh anu enggeus dua kali,
mawa sabanda-banda.

16. Béak duit mawa onta sapi,
béak onta mawa jariahna,
béak kuda kaldé,
gulung jalama ngagimbung,
kocap Yusup nimbalan mantri,
ngadawuhkeun kaaskar-askar kudu jaga pintu,
dalapan askar dilawang,
piligenti nanyaan nu balawiri,
lamun jalma nu datang.

17. Enggeus datang dua tilu kali,
eureun heula di luareun lawang,
nu kakara datang mah hadé,
masingna ka jero asup,

bisi jalma kaduum tinggi,
supaya bisa rata,
meunang béas gandum,
karana Yusup manahna,
dagang béas lain pisan ngarah sugih,
seja nulungan ka jalma.

18. Kocap Rubil Samaun Nangtali,
tinggarudag ka Mesir dongkap,
poronggos semu gumedén,
sarta angkuh adigung,
taya pisan rempan karisi,
nagong datang ka lawang,
dipegat ku serdadu,
ditanya anu ti mana,
engké heula // ulah waka wani-wani 85
asup ngaliwat lawang.

19. Tuluy sugal ngawalon Rubil,
ieu kula urang nagara Syam,
lain jalma joré-joré,
putra sang Nabi Yakub,
di Kanaan bumina nabi,
Yakub putra Ishak,
tunggal nabi punjul,
Ishak Ibrahim ramana,
walilullah kakasih Robbul alamin,
askar ngajawab édas.

20. Anak kitu éta andika téh nabi,
bangsa luhur kakasih pangéran,

éta nu dicandak téh naon,
Robbil matur pok matur,
montong nanya babarengan kami,
nista teu petot perenah,
gancangna tuluy asup,
putra-putra sadayana,
éta kitu upama nabi,
Muhammad salamullah.

21. Di ahérat umat kanjeng nabi,
nu mawa amal ti dunya,
hadé kotor campur goréng,
padahal geus kasebut,
dina Quran umat kanjeng nabi,
nya panghadéna umat,
Muhammad pininjul,
sadaya inget ka dinya,
di pariksa umat saha ieu abdi,
langah ngawangsulan.

22. Ieu abdi umat kanjeng nabi,
nu ka sebut dina Quran téa,
pujina Gusti Yang Manon,
ti dinya Robul Gopur,
ngadawuhan,
hé umat nabi,
mana amal manéhna,
umat heluk tungkul,
mugi agung panghampura,
amal hadé ngalilingsem abdi Gusti,
awon kotor campurna.

23. Éling-éling nu maca nu nguping,
ulah sok ngingetkeun turunan,
atawa awon atawa saé,
nedemung jeung adigung,
lampah laku nimbang-nimbang diri,
sing hadé sada nincang,
anak alim luput,
hanteu ngaji teu isakola,
masing éling,
mun urang turunan alim,
mudu tambah peryatna.

24. Ulah pisan laga kudu ngaji, //
masing getol lamun bodo éra, 86
urang téh mudu masanterén,
ulah reueus adigung,
anak bawa urang wong alim,
jiga naon rupana,
mun bodo balilu,
teu nyaho pardu taharoh,
ulah embé burusut ngajuru babi,
éta téh goréng kacida.

25. Ari mungguh anu bangsa batil,
masing éling mung urang sadaya,
Islam lalaki awéwé,
umat nabi nu munjul,
pamujian Rabbul alamin,
umat kasebut,
tegesna hé maréntahna panghadéna,

pangleuwihna umat nabi,
kitu timbalan Allah.

26. Sabab urang ku Allah dipuji,
masing éling,
ulah ngawiwirang,
diogo ulah bedegong,
tilu lakuning Rosul,
diakhérat tangtu katungtik,
ngaku umat Muhammad,
nabi Rasul punjul,
lalmpahan cara budak,
isin temen ku nabi jeung ku Yang Widi,
mun mungkuran agamana.

XXIII. PUPUH PANGKUR (ed.)

1. Kacatur deui nu nguyang,
Radén Rubil Samaun Nangtali,
ngadeuheus ka Ratu Yusup,
sadayana nyondong raja,
nakorsi linggihna emas sang Yusup,
mastaka ngaggo makuta,
ngaggo kanggalung ratna di.

2. Sinjangna songkét permas,
nyandak pedang emas deukeut panitik,
Yusup cahyana sumunu,
pangling Radén Yahoda,
hanteu nyana hanteu sangka Radén Yusup,
tatapi Radén Yusup mah terang,

teu pisan lali saeutik.

3. Sang raja énggal mariksa,
   enya ku basa Ibrani,
   nyaur Rubil Samaun,
   ieu nu ti mana,
   Rubil kagét nguping pamariksa ratu,
   réh ku basa Ibraniyah,
   cedok nyembah radén Rubil.

4. Mun abdi téh urang Esyam, //
   …… 87

…// masiat, 89
ka Yusup éta jadi,
pipinding matak-matak kaliru,
komo teuing kaula ka Gusti Nu Nama Agung,
matak ngandel-ngandel hijab,
muterus maripat jati.

Kocapkeun Rubil barudal,
manggung beras téh rasana hampang-himping,
manha manteng ka sang Yusup,
carékcok sajalan-jalan,
pada muji ka ratu teu nyana Yusup,
anggang gé tanwandé datang,
kocap baé geus sumping.

Rubil ngaguruh unjukan,
raramana karatu nagri Mesir,
kasép sarta lemah lembut,
berbudi bijaksana,
pinter adil tur akuna katatamu,
nanging Samaun ayeuna,
diandeg teu meunang mulih.

Sabab kahoyongna raja,
kudu baé dongkap jeung Bunyamin,
ayeuna teu meunang gandum,
meuli teu diladangan,
meunag ogé lain meuli ieu gandum,
jadi tanda kagegelan,
ka ibu sareng ka nabi.

Sang nabi Yakub ngandika,
lamun Samaun téh di Mesir,
ku maranéhna dikantun,
minagka gagadéan,
Radén Rubil sumuhun panginten kitu,
kalékéd sang Yakub téa,
rék maparinkeun Bunyamin.

Lila-lila mah marinan,
Nabi Yakub lanang kaki Bunyamin,
gancangna nu mangun catur,
kocapkeun putra-putra,
malik deui ti Kanaan pahibut,
nabi Yakub ngintun salam,
sembah ka Raja di Mesir.

Lampahna Rubil geus datang,
marek sanga aji,
geus katingali ku Yusup,
Ki Rubil cedok nyembah,
pun bapa ngintun salam ka sang ratu,
sareng harur salam sembah,
nyanggakeun ieu pun adi.

Nu dipundut ku gamparan,
nu katelah namina pun Bunyamin,
mesém leleb ratu Yusup,
ngajawab salam rama,
manah // na mah sakalangkung kalang kabut, 90
nyaur téh geuning Yahoda,

teu burung datang Bunyamin.

Hayu urang ka arimah,
lajeng ratu ka tamu nyandak ka bumi,
di unggul ku payung agung,
Bunyamin nu dicandak,
sasahuran basa di Ibrani ku ratu,
basana angkat dijalan,
teu lila sumping kabumi.

Nyandak tatamu Kanaan,
barang sumping nyahurna ka Praméswari,
nyai itu aya tamu,
Juléha Ratna medal,
bari nyaur engkang ti mana tatamu,
Rubil sareng Ki Yahoda,
kagét ningali Nyin Rail.

Cék manahna duh paingan,
carogéna kasép tanpa tanding,
pawarang na gé sakitu,
nurup cupu pisan,
Ratu Yusup nimbalan sadaya sangu,
ayeuna sina dalahar,
karunya urang Ibrani.

Yusup ku anjeung ngurusna,
ngawadahan sangu genep tibsi,
jeung warna daging dicampur,
sami mah geus sumawona,
dijajarkeun tibsi genep téh diatur,

satibsina kaduaan nyorangan,
Ki Bunyamin.

Ratu Yusup ngadeukeutan,
kumaha ieu Ki Bunyamin,
sorangan teu boga batur,
watir temen karunya,
pang bucina dahar sorangan ngajentul,
kajeun atuh ku kaula,
direujeungan Ki Bunyamin.

Sang raja ratu Bismillah,
dalahar tamu urang Ibrani,
tuluy dalahar tumungkul,
isin sadayana,
reujeujeung nyaur ku Juléha kadangu,
naros basa mana,
éta engkang lain basa Mesir. //

Yusup mésem pok ngndika, 91
aya ieu basa Ibrani,
reujeung tuang semu cikruh,
siga nu numat pisan,
tuang wungkul tapi tungtung soca wungkul,
ningali baé raina,
nya ieu Bunyamin.

Dina manahna teu pegat,
ka gusti nu maha suci,
pangandika ratu Yusup,
éh Ki Rubil ayeuna ulah waka balik,

hadé poé isuk,
sembahna sadaya-daya,
sumeja kumureb abdi.

kocap langjah geus kapatihna,
Ratu Yusup miwarang ngatur katil,
dangdan lima tempat tidur,
sadaya ditimbalan,
dua jalama kulenm dina tempat tidur,
sang raja mesém ngandika,
kumaha ieu Bunyamin.

Jeung saha duaanana,
pasaréan lima taya deui,
tiap urang mah diditu,
Bunyamin mah jeung kaula Ki Bunyamin,
mugen isineun ku ratu,
saurana Bunyamin hiap,
nyorocod Radén Bunyamin.

Rék baha sieun ku raja,
rék nurut isin kaliwat saking,
gancangna Bunyamin nurut,
kulem pada duaan,
pok mariksa ka Bunyamin ratu Yusup,
naha rau ka akang,
duaan saré sakatil.

Ari Bunyamin-Bunyamin sorangan,
ti baheula teu boga dulur deui,
Bunyamin anu saindung,

Bunyamin ngawalonan,
kapengker mah abdi ogé gaduh dulur,
anu saindung// sabapa, 92
naging abdi masih leutik.

catiosna diteda macan,
Ratu Yusup ngandika ka Bunyamin,
dulur manéh ku maung,
kumaha mun ayeuna,
hirup deui,
Bunyamin meureunan sukur,
atawa kuma petana,
Bunyamin ngawalaon ka Gusti.

Nu mawi abdi gamparan,
huleng jentul keu neda ogé tadi,
sabab ningal dulur-dulur,
dahar duaan-duaan pikir abdi,
lamun aya kakang Yusup,
meureun aing ogé duaan,
raja nyaur melas asih.

Naon hartina nu matak,
dingaranan andika bunyamin,
Ki Bunyamin nyembah matur,
nya éta réh pun biang,
waktu abdi dijurukrun ibu pupus,
saur raja ngaran saha,
indung manéh téh Bunyamin.

Bunyamin nyembah unjukan,

carios katelah nyi mas Rail,
marikassa sang ratu,
manéh enggeus boga anak,
Ki Bunyamin matur gaduh anak tilu,
nu cikalna Yusup ngarana,
nu hiji deui pun Diib.

Nu katilu nama rama,
ratu Yusup nyaur naha Bunyamin,
diaranan Yusup Bunyamin ngawalon,
tina sanget pun bapa inget ka Yusup,
Yusup lanceuk abdi téa,
ari anu ngaran Diib.

Harti Diib éta macan,
réh cariosna enggeus mati,
kasebat diteda maung,
katilu nami dama,
basa Dama eta getih,
sabab Yakub geus ningalian komisna,
pun lanceuk// pinuh ku getih. 93

Margi pun kacida,
pirhatina nalangsa welas asih,
katingal ku kakang Yusup,
nangis teu eureun pisan,
Yusup enggeus dalapan welas taun,
dongkap katingal pisan,
hateu keur balas nangis.

XXII. PUPUH DURMA (ed.)

1. Ratu Yusup méh teu tahan sasahuran,
ngadangu rai Bunyamin,
nyarioskeun ramana,
prihatin surem socana,
répéh nyaur jeroning galih,
duh kaniaya,
dulur-dulur kabéh juling.

2. Saenggeus kitu Yusup sasahuran,
ayeuna ki Bunyamin,
lamun ayeuna hirup dulur andika,
Yusup nu geus pajae mati,
andika suka,
nyembah matur ki Bunyamin.

3. Lamun aya nu geus paéh mulang ka dunya balik deui,
mun nurut kahayang,
éta leres kacida,
abdi nu hayang panggih,
sareng pun kakang,
Yusup mesém ngalahir.

4. Hé Bunyamin dulur manéh Yusup téa,
ayeuna tacan mati,
tatapi kaliwat nandang sangsara loba kacida-
ku dulur manéh digitik di garebugan,
diséréd-séréd lir upih.

5. Di gubruskeun kasumur tuluy dijual,
ka saudagar urang Mesir,

tuluy ku saudagar Yusup téh dijual,
ka patih Kitfirul Ajij,
mangga didinya,
Yusup téh asup ka bui.

6. Meunang dua welas taun dipenjara,
ayeuna geus bijil deui,
samalah ayeuna Yusup,
keur jadi raja,
maréntah di nagi Mesir,
sok jual béas,
huleng Radén Bunyamin.

7. Palangsiang boa Yusup gamparan,//
sang ratu Yusup nangis, 94
duh aduh tobat enya ieu kang raka,
Yusup téa putra Rahil,
silih rangkul Yusup sareng Bunyamin.

8. Sami nangis duanana di jero kamar,
rubil malah teu ningali,
Ratna Juléha ngoréjat,
naros ka raka,
karah éta gusti,
Yusup ngandika nya ieu ki Bunyamin.

9. Adi uarng nu saindung sabapa,
nambaling Juléha ngiring nangis,
ngahelas ningali raka,
jeung rayi rarangkulan jeung Yusup miwejang,
Bunyamin poma ulah kaciri.

10. Ku kang Rubil pacawan ulah katara,
ulah hiri ulah miis,
ulah jiga-jiga Bunyamin,
ngahartosan,
sigeug Yusup jeung Bunyamin,
kocap kang rama Yakub Ijroil.

11. Hiji mangsa malak Ijroil jol datang,
nepangan Yakub nabi,
pok nabi mariksa panasaran,
hé sobat malak Ijroil enya-enyana,
ki Yusup buah ati,

12. Ku andika dimana dipundut nyawana,
anak kaula malak Ijroil,
malak ajroil sumpah,
demi Allah nu mulya,
putra tuan tacan mati,
aya di dunya mo lami tepang deui.

13. Tapi kaula nanya kumaha andika,
réhing kénging balahi,
sakitu gedéna,
jeung sakitu lilana,
éta sabab geus katingali,
atawa tacan,
Nabi Yakub ngalahir.

14. Tacan ngarti duka kumaha sababana,
saur malak Ajroil,

sababna andika,
dina hiji mangsa,
meuncit domba lintuh gajih,
dumadak datang,
sémah kadinya mampir.

15. Éta sémah geus tujuh poé puasa,
tacan buka saeutik,//
ari ku andika, 95
teu pisan disuguhan,
hal ta sémah teu mampir,
ngambeu tur ningal,
sarta batur sapipir.

16. Ku andika teu pisan dibaganana,
sa ciwit daging kambing,
huleng Nabiyulloh,
ras éling leres pisan,
saur Ajroil,
lamun andika hayang téréh panggih.

17. Sareng Yakub kudu kiparat,
nya éta meuncit kambing,
sapoéna dua,
bagi-bagi dagingna,
ngondang pakir jeung miskin,
sina dalahar,
sumawona katatami.

18. Malaikat satutupna mulang miwejang,
les leungit tanpa lebih,

Nabi Yakub kocap,
harita meuncit domba,
dua puluh nu kabiri tuluy dipolah,
ngoganan pakir jeung miskin.

19. Dina dahar kabéh dahar,
sedaya suka ati,
saban poé pisan,
abreg-abregan dahar,
disigeugkeun sang Yakub Nabi,
malikan putra,
kocap raja Mesir.

20. Isuk-isuk geus nganggo pajeng ka kundang,
samaun jeung Ki Rubil,
saenggeus disuguhan,
lajeng deui ka kundang,
rék narima dandum sair,
ku anjeun raja,
naker béas jeung sair.

21. Dipinuhan digedog hateu disipat,
malah radén Bunyamin,
dipaparin opat,
momot gandun jeung béas,
teu lila ki Rubil pamit,
nyambah budalan,
marulih bungan galih.

22. Kira-kira geus méh tepi kaca-kaca raja géhgér di Mesir,
kélangan gantang emas,

tarétés ratna,
ti dinya sang ratu Mesir,
nimbalan upas,
nyusul urang Ibrani.

23. Dumakan kasusul lebah kaca-kaca,
upas celuk bengis,
hé urang // Kanaan, 96
balik deui helaanan,
disaur ku kangjeng Gusti,
raja kélangan,
gantang kancana rukmi.

24. Radén Rubil ngandika taud Bismillah,
manéh ngadawuh maling,
ka kami nu nguyang,
andika nagwiwirang,
upas matur kajeun teuing,
najan andika,
hanteu ngutil teu maling.

25. Mudu calik deui baé heulaanan,
bisi sang Raja Mesir,
bendu ka kaula,
peunteu Rubil tamaga,
nyaur hayu balik deui,
sétan kaparat,
balai ngon aing.

26. Ngeunah-ngeunah dumadak tung teu ngeunah,
gancangna Radén Rubil,

geus mendakan Raja,
Ratu Yusup ngandika,
Ki Samaun Ki Rubil kaula kélangan,
gantang emas panitik.

27. Rubil napsu ngeleper ngerot unjukan,
mun gusti jisim abdi,
pangkodian dongkap,
lain rék umpuk ampak,
atawa rék ngutil maling,
ngarampog megal,
seja abdi téh muhlis.

28. Meuli béas ngurup lamun diladangan,
wuri-wuri sang aji,
nuduh ngawiwirang,
naha bet ngaranan,
hanteu nyana teuing abdi,
kitu gamparan,
ratu mésem ngalahir.

29. Lian pisan kaula rék ngawiwirang,
tata kaula ngasih,
sabab kaula kélangan,
taker kula hiji emas,
andika téh rék balik,
sugan kabawa,
gantang éta anu leungit.

30. Ayeuna mah momtong loba caritaan,
kula rék disaksi,

mukaan tanggungan,
lamun enya dibawa,
tangtu meureun kapanggih,
Rubil haturan,
sumangga kangjeng gusti.

31. Geura buka nanging abdi jangji heula,
lamun gantang kapanggih sumangga hukuman,
upantan teu kapendak// urang Mesir ati-ati 97
kula rék petak,
tangtu Mesir ubrak-abrik.

32. Ratu Mesir montong teuing nyingsieunan,
kaula hamo gimir,
éta gantang kaula,
lamun nya di andika,
meunag hukuman pasti,
énggal dibuka,
tanggungan anu Rubil.

33. Dipapay kabéh dibuka,
ku sorangan teu kapanggih,
bareng na di bongkar Ni Bunyamn,
ontana gulutuk gantang,
kapangggih urang,
Mesir émprak heluk Ki Rubil.

34. Tungkul ngeluk campur jeung wirang,
ngucur késang mah ceurik,
Rubil ngadeukeutan,
sareng dulur-dulurna sambing ngomong ka Bunyamin,

ilaing naha Bunyamin anka Rahil.

35. Bisa temen ngéra-ngéra ngawiwirang,
mirhatikeun ka kami,
nyusahkeun saréréa, bun sasahuran,
sabalikna anak Rahil,
nu panjang da kasedih prihatin.

36. Ti baheula Yusup dibawa ku kakang,
ka tegal ngagiring kambing,
tinggal sorangan,
pagah dihakan macan,
ayeuna kula teu maling,
tur teu uninga,
wuri-wuri kapanggih.

37. Gantang ratu dina momotam kaula,
nyaur nyentak Radén Rubil,
manéh meureun ayeuna,
rék neumleuhkeun ka kakang,
ayeuna mah maneh Bunyamin,
kitu petana,
ngawiwirang ati kami.

38. Baheula gé lanceuk manéh Yusup bisa,
ceremed ngutil maling,
Bunyamin ayeuna,
ku Yusup katurunan,
ka dangu ku ratu mesir,
Rubil ngomong gentak pilahir.

XXV. PUPUH MAGATRU (ed.)

1. Pangandiaka hé Rubil Samaun,
   ayeuna kapanggih bukti,
   kumaha ari geus kitu,
   dulur manéh ki Bunyamin,
   ku kami arék // dibérok. 98

2. Radén Rubil nyembah ngadéhem pok matur,
   agung palamarta gusti,
   sarewu bebendu sinuhun,
   saketi rukeying galih,
   sim kuring sanget ngadogong.

3. Pun Bunyamin mugi ulah ditambalung,
   sumawona lamun dibui,
   abdi imut lamun kantun,
   pun bapa sok teda teuing,
   mopo naggungan pihartos. (sic!)

4. Kersa tadi sanget kédanan ku Yusup,
   ayeuna katambah deui,
   muga aya sihing ratu,
   runtuling galih ariyil,
   mugi manah ku sang katong.

5. Tambah-tambah pun bapa ropoh-ripuh,
   mungguh panuhun sim abdi,
   mangga nyandak kangjeng ratu,
   salah sahiji dulur abdi,
   lebetkeun ka jero bérok.

6. Panggentusna Bunyamin sanajan tilu,
sumangga candak ka Gusti,
ratu Yusup mésem nyaur,
hanteu pernah kakami adil,
mun maleding sanak pawong.

7. Turut éta geuning ti mana katimu,
nya éta mun bakal dibui,
Rubil ngageremet napsu,
peunteuna lir beuleum beusi,
panon lir saga molotot.

8. Bulu-bulu bajuna wani baritu,
rogok bulu kawas rarik,
rambang urat malelendung,
késang ngorolok lir banjir,
gumentar waos kumerot.

9. Ngucap ama sang Ratu,
kekeuh menjara Bunyamin,
dalah nyebutkeun kaduhung,
tangtu Nagri Mesir,
kaula petak moal mindo.

10. Sakali gé urang amburadul,
ku Yusup anggeus kaharti,
putra nabi // Yakub, 99
lamun napsu eunggeus bijil,
teu pisan beunang dicombo.

11. Anging lamun diusap lambung katuhu,
ka turunanan Yakub nabi,
mun diusap tambaha asih,
lir malam katiban bontot.

12. Sabab kitu Ratu Yusup tuluy nyaur,
purta kami apoim,
keur umur sawelas taun,
Aproim putra ti rail,
lajeng raja ngaharéwos.

13. He Aproim ujang geuwat-geuwat tangtu,
asup lambungna Ki Rubil,
kuleungeun ujang katuhu,
deukeutan sabit ngecewis,
geuwat-geuwat ku ujang dodoho.

14. Ki Aproim ngdeg salundang salindung,
sabot ngomong Radén Rubil,
Aproim moro ti pungkur,
ngusap lambung tilu kali,
Ki Rubil napsuna lopong.

15. Kaya malam panasan seuneu hurung,
Rubil ngecap éh di Mesir,
kawas ayay warah Yakub,
mésem leleb ka ratu Mesir,
Rubil manéh ngomong naon.

16. Éta saha anu disebutkeun Yakub,
Rubil nyentor montong teuing,

nyebut-nyebut ngaran Yakub,
karana nabi Yang Widi,
kakasih Yakub Yang Manon.

17. Putra Ishak nabi Allah nabi punjul,
Ishak ramana Ibrahim,
kakasih Yang Maha Agung,
holilullah rabbul alamin,
raja hamo mangartos.

18. Radén Rubil nu matok nyaura sakitu,
payamna ratu Mesir,
kapur cara nu kapungkur,
Yusup nyaur jero galih,
kang Rubil kaliwat bodo.

19. Kudu naon Rubil ngucapkeun sakitu,
kocap angdeg ki Bunyamin,
ka ratu // naroskeun Yusup, 100
hirup atawa geus mati,
sigantang nambalang ngomong.

20. Hirup kénéh dulur andika Ki Yusup,
moal lila gé Bunyamin,
tangtu papanggih jeung Yusup,
Bunyamin poh matur deui,
maka sakersa sang kantong,

21. Moal baha najan abdi rék digantung,
geus pépés napasna Rubil,
pangandika Ratu Yusup,

hé ayeuna mah Ki Rubil,
taya pédah loba omong.

22. Anggur geura geuwat bawa gandum,
jeung éta onta Bunyamin,
bawa balik ulah kantun,
Bunyamin tinggal di Mesir,
ku kula rék diparios.

23. Pok haturan ka bapa andika Yakub,
lamun ki Bunyamin maling,
gancangan nu mangun catur,
budal Samaun jeung Rubil,
nangtali Lawé Ribalon.

24. Mulang bingung di jalan teu dipicatur,
kocapkeun baé enggeus sumping,
hatur baé ka Nabi Yakub,
lamun katuding maling,
ujang gantangna sang kantong.

25. Kabuktian barang na di jero sakeduk,
Bunyamin teu bisa mungkir,
pihatur kuring teu asup,
ka raja magri Mesir,
keukeuh Bunyamin dibérok.

26. Bareng nepi ngadangu ngagabrug ngaluuh,
Yaa Allah rabbul alamin,
Wallahu musta’anu,
nu nulungan tay deui,

ngan Gusti nu waspaos.

27. Muga ganparan nu nabi Yakub,
di paparin sabar jamil,
nabi nyaurna sakitu,
nyaluuh bari nanangis,
micung manahna pirhatos.

XXVI. PUPUH PUCUNG (ed.)

1. Lami-lami gugah deui nabi Yakub,
nyaur Ki Yahoda // hé Yahoda, 101
manéh nulis,
kirimkeun ka Raja Mahrusah.

2. Anu nulis nabi anu nyebut,
sapanjang surat,
ku Yahoda geus katulis,
méh teu tahan nulis Yahoda rambisak.

3. Saparantos nulisna ku nabi Yusup,
lajeng dicap pisn,
ditingkem dialak di pusti-pusti,
Nabi Yakub nimbalan kaputra-putra.

4. Ki Rubil Yahoda Lawé Samaun,
manéh kudu budal,
ka Mesir baralik deui,
ieu bawa surat Bunyamin sing beunang.

5. Lamun raja pang nepikeun sing puguh,

kuma di darinya,
da manéh geus boga pikir,
ténjo ama sakeiu karuksakan.

6. Ari nguyang béas tarigu jeung gandum,
puguh untung pisan,
tapi kalang kabut ati,
masih-masih bingung ati samagaha.

7. Hanteu lami putra-putra kabéh tuluy,
teu kocap di jalanna,
pisaur dongkapna baé,
jog ka Mesir caralik dina manpada.

8. Nyondong raja keur linggih dibangku agung,
teu ninggal sinabya (sic!),
ku para ponggawa dipati,
dua putra aya digédéngeun raja.

9. Nabi yusup keur mangsana jadi ratu,
ti Ratan Juléha,
kaagungan putra lalaki,
dua nami Apraim jeung Radén Masna.

10. Radén Rubil geus katingali ku Yusup,
énggal dipariksa,
éh Rubil geus datang deui,
kuma bejana bapa andika damang.

11. Radén Rubil cedok nyembah pihatur,
pariksa gamparan,

pun bapa sangat prihatin,
ngamanahan Bunyamin sareng rakana.

12. Malah ieu pun bapa purwa ngajurung,
ka abdi sadaya,
ngintunan serat ka Gusti,
saur raja mana surat hiap bapa. //

13. Disanggakeun ku Rubil ka kangjeng ratu, 102
ku raja dicandak dipusti-pusti,
katingali serat ku raja teu samar.

XXVII. PUPUH ASMARANDANA (ed.)

1. Lajeng ratu Mesir,
muka serat ti jeng rama,
geter manahna noroktok raos lain ningal beurat,
raos tepang jeung rama,
serat dibuka dipunjung,
bareng katingal unggelna.

2. Méh teu tahan raja Mesir,
mengket cisoca kaluar,
eukeur diaos sapotong,
karék ngaos mimitina,
cisoca teu kauninga,
gumalaratna ngurubut,
rag-ragna tina socana.

3. Sang ratu parantos éling,
énggal nyandak salempayna,

dianggo nyusutan panon,
api-api Yusup manah raja,
ratu Yusup ngojéngkang ka pangkuleman,
dug nyuuh,
nangis bati lolongséran.

4. Serat ditingali deui,
hanteu basa ngaos inya,
kapengpek ku cisoca téh,
maosna eureun-eureunan,
sapoé campuh pisan,
maosna serat ti isuk,
mog kawaktu asar pisan.

5. Kieu unggel éta tulis,
ti Yakub Isroil Allah,
nabi adiling Yang Manon,
anak Ishak Badigullah (sic!),
mugi konjuk ing rama,
ing kersa ratu cinungjung,
nu kagungan kamulyaan.

6. Nu ngagum adiling aji,
tur mashur karo ingrat,
sanget lumabring Yang Manon,
bijaksana tur budiman,
rupawan tur setyawan,
pinuja pinunjung punjung,
kawasa purbawisésa.

7. Garbahing Nagara Masir,

Mahrusah jembar adomah,
nagri kerta gedé ramé,
tur// nu nyampurnakeun gantang, 103
nu ngrataan tangan,
ngaduum sagenep dusun,
nyiram pangan unggal désa.

8. Sabahda serat simkuring,
turunan nandang bahla,
awit pun adi nu kolot,
Ibrahim keur masih bujang,
kena gedéning pitnah di duruk ku raja Nambrud,
nanging walujeng teu panas.

9. Ishak pun bapa simkuring,
diringkus leungeun sampéan,
diborogog kaya embé,
rék sipeuncit ku ramana,
tuluy Allah teu ala miwarang Jibril turun,
mawa gibas ti sawarga.

10. Ngahilian Ishak nabi pun bapa berkah waluya,
hanteu kungsi disembeléh,
mungguhinh kuring sorangan,
gaduh sahijia anak,
kameumeut di punjul-punjul,
hiji mangsa ku lanceukana.

11. Dibantun ngagiring kambing,
geus peuting datang komisna,
pinuh ku getih lambokot,

pagahkeun diteda macan,
kuring ilang élingan,
ras anak nu ku maung,
datang ka merem nya mata.

12. Lolong datang kakiwari,
sabab ceurik panon pécak,
wuri mendak carios,
ti Rubil kénéh Yahoda,
dulur Yusup sabiang,
dituding maling u ratu,
ayeuna gé dipenjara.

13. Ku gamparan téh di Mesir,
margi kacuntelan (sic!) barang,
katurug-turug katuduh baé,
padahal abdi gamparan,
taya pisan turunan,
kana salingkuh jalimud,
somawon maling ngarumpak.

14. Lamun // mésen deui,
geus palér tina nangisna,
lajeng namatkeun cariosna,
nyaur hé Bunyamin ujang,
geura kieu tuluyna,
kisah manéh Yusup,
geus kitu tuluy dibuang.

15. Digubruskeun ku Ki Rubil,
kana sumur jero pisan,

geus gebrus pada malédog,
ku batu galedé pisan,
mun palebah diurang,
tangtu sirah Yusup bubuk,
tapi di raksa ku Allah.

16. Yahoda nu welas asih,
ngahalang nyarék nimbulan,
eureun tuluy balih kabéh,
saban poé ki Yahoda,
ngiriman roti datang,
kadahar ogé ku Yusup,
diana kaopat poéna.

17. Datang saudagar ti Mesir,
nimba kana sumur téa,
Yusup muntang kan ranté,
tali timba ki Saudagar,
harita bisa banyat,
dimadak usup bisa kasusul,
ku dulurna nu salapan.

18. Tuluy ku saudagar Mesir,
dibeuli ti dulurna,
ku duit ngan dua keton,
Yusup henteu bisa menga,
sieuneun dipaéhan,
ti dinya Yusup tuluy,
di bawa ku Ki Saudagar.

19. Di jual deui ka Kitfir,

di Mesir raja kadua,
didinya di hadé-hadé,
dipiputra dipimulya,
ku Kitfir Aziz téa,
garwana naghuru biru,
ka Yusup nagogodaan.

20. Harita Nyi Radén Rahil,
padaraya didinya,
linggih jeung raka ngagéndéng,
bengong kuping carita,
lajengkeun nu carita,
meunag pitnah gedé Yusup,
datang ka dibérok pisan.

21. Ku pitnah garwa Kitfir,
sabab teu bisa ngagoda,
ka Yusup Awéwé mabok,
mésem leleb Juléha,
disaurkeun ku raka,
suka manah ku ra // lajeng Yusup, 105,
tuluy deui cacarita.

22. Pareng Yusup keur dibui,
ngalendra wali royan,
kagungan sahiji impian,
impian nu hanteu jamak,
raja susah manahna,
nya ditabirkeun ku Yusup,
harita meunang kaluar.

23. Geus kaluar Yusup sidik,
dijenengkeun juru serat tukang ngurus gandum paré,
meunang satahun lawasna,
tuluy diangkat raja,
di nagri Mesir ngaratu,
ngambah wenang saenyana.

24. Yusup jadi ratu mesir,
pangjogjogan sadayana,
ayeuna gé masih kénéh,
di Mesir anyar ngaraja,
Yusup tacan hilang,
Rubil Yahoda,
Samaun tinglalieuk jeung baturna.

25. Rék ngaku teu acan wani,
sieun Yusup lain éta,
tapi caritana jéntré,
pok deui Yusup ngandika,
hé Bunyamin ujang,
dulur manéh téh disebut,
ku Rubil geus maling barang.

26. Mangga Bunyamin kabukti,
éta aya pangmalingna,
Yusup eukeur budak kénéh,
asup katempat berhala,
patékong eta nu mana,
emas dipaling ku Yusup,
di pékprék tuluy dibuang.

27. Dipiceun ku Yusup sidik,
berhala nu tengn jalan,
Yahoda hanteu talangké,
ngadéhém nyembah unjukan,
palangsiang gamparan,
Yusup téh lamun kitu,
carita manis tur terang.

XXVIIII. PUPUH DANGDANGGULA (ed.)

1. Mésem manis ratu Mesir,
sashuran hé Yahoda,
nya ieu kuring Yusup // téh, 106
engkang sakabéh dulur,
berkah wilujeng kuring,
diraksa ku pangéran,
bisa deui tepung,
jeung dulur masih araya,
wawalesna anu sabar hanteu nyungkelit,
di dunya gé éta kontan.

2. Sumawona di ahérat pasti,
dipasihan wawales sabar,
ganjaran nu leuwih ahéng,
Ki Yahoda beluk nyuuh,
bari ngucap sumpah,
ta Allohi satemenna pangéran,
geus nyelir ka Yusup,
ngahina keun ka dulurna,
geus rumaos kakang dosa bukti,
lalaksa kalelepatan.

3. Dicacag dipeuncit nya disisik,
nya ayeuna teu langkung kersa,
pun kakang rumaos awon,
patut dihikum gantung,
hanteu pernah mun dipupuri,
pantes bendu rai ka engkang,
yaktos kakang palsu,
sang ratu Yusup nagndika,
ha kumaha pangéran welas asih,
ngampura ka nu dosa.

4. Balikanana laumun diri kuring,
hanteu mendak prihatin kasusah,
meureunan katotoloyoh,
sarta langkung diungung,
dipiasih ku rama nabi,
ngabayahkeun ka engkang,
lamun hanteu pajauh,
margina dipisah ku engkang,
palasiang kadalon-dalon simkuring,
amungan ahadulillah.

5. Hanteu heureut saenggeus diri kang rayi,
hanteu salah nya panarima,
yaktos berkahing sadérék,
ayeuna kakang kudu,
geuwat mulang salah sahiji,
nguningakeun kang rama,
geus tepung jeung Yusup,
jeung candak ieu komisna engkang,

badé // landong rungkupkeun kana rarahi nabi, 107
insya Allah engké damang.

6. Yahoda nyahur kakang anu balik,
bantun komis,
kanaan sorangan,
sabab mangsa baréto gé,
waktuna kakang ngawadul,
nya kakang nu ngabantun komis,
gancangna nyanggal carita,
Radén Yahod tuluy,
nyandak komis ka Kanaan,
disanggaan seratna Juléha Dewi,
tur jauh lalakona.

7. Ka Kanaan di ngri Mesir,
nya éta dalapan puluh parsah,
dilalakon hiji kaol,
ti barang Yahoda Tuluy,
lumpat barang sareng sapeuting,
hanteu pisan taya eureuna,
angkatna langkung rusuh,
teu diraos palay pisan,
pupuasan Yahoda ku suka ati,
rotina weteh pisan.

8. Cék Bin Abas Rahmatulloh,
Nabi Yakub geus ngangseu seungitna,
komis keur dijalan kénéh,
padahal masih jauh,
ti lakon dalapan wengi,

Yakub geus sasahuran,
naha bau Yusup,
kadangu ku Radén Liya,
ari nabi pilahir nu moal teuing,
Yusup taya ambeuna.

9. Sabot Yahoda jol sumping,
nyandak komis jol taya raratan,
ujug-ujug gebrug baé,
peunteuna rama ditungkup,
éta ku komis nu tadi,
burinyay nabiyulloh,
ngagebeg sang Yakub,
ningali dadak sakala,
panglamur yaksa terang soca nabi,
teu aya urut-urutna.

10. Hareugeueun bengong Yakub nabi,
jag-jag deui waringkas tur kuat,
bungkur nu tadi geus bengkok,
angkat cara kapungkur,
wa // os ompong ngabérés deui, 108
geus lila pok ngandika,
hé Yahoda Agus,
ajaib kersaning Allah,
kuma béja manggihan naon di Mesir,
bet kieu balukarna.

11. Ki Yhoda matur nyembah,
sewu bendu lalaksa duduka,
nabi kantenan mahido, (sic!)

putra-putra kapungkur,
éta perkawis putra pun adi,
Yusup diaran-aran,
yén diteda ku maung,
yaktosna ayeuna aya,
nya éta nu ngarajaan di Mesir,
ratu Murbawisesa.

12. Anu ngakal nangkep Bunyamin,
dulur kabéh pada neda dihampura,
tur sami diandeg kabéh,
purwaning abdi rusuh,
badé ngadeuheus ngabantun komis,
di timbalan ku putra,
badé aya piunjuk,
sinaréh ayeuna aya anu ngarajaan,
nya éta dinagri Mesir,
tur nu murbawisesa.

13. Kedah mios jeung rama ka Mesir,
sareng ibu supaya énggal,
kang rama yasa pasondong,
karanten putra ratu,
moal sempet medal ti Mesir,
mun ayeuna-ayeuna nuju udur,
Nabi Yakub ngadangu habar,
manah kalengger suka galih,
enggal cong solat.

14. Dua rakaat salat sukur nabi,
bada salat pék deui mariksa,

ama nu jadi hawatos,
ka adi manéh Yusup,
taya deui jaga agama,
naon Yahod agamana,
Dén Yahod matur,
dumuhun agama islam,
Nabi Yakub jungkel sujud sukur,
deui nabi énggal dangdan.

15. Saparabotna sadaya hanteu kari,
abdi-abdi sareng rahayat,
lalaki sareng awéwé,
sakabéh gé dibantun,
kerib peti kersa nabi,
énggalna bral angkat,
nabi sajalan-jalan ngabrul,
sadaya pada suka,
sareng tumpak kana kuda onta sapi,
sawaréh anu badarat.

16. Éta jumlah awéwé sareng lalaki,
anu ngiring ka nabi rék pindah,
kajaba budak jeung orok,
nya éta tujuh puluh,
punjul dua gunggungna jalmi,
sigeug nabi nu angkat,
kocap ratu Yusup,
timbalan kumendang askar,
nyadiakeun opat ratus upesir-upesir,
nu nyandang pedang kamkam.

17. Sarta kabéh kudu tumbak kuda persi
opat rewu serdadu gagah,
kumendang sarsan jeung jayéng,
timbalan kangjeng ratu,
hé patih nyembah unjukan kami,
rék mapag ama,
Nabiyulloh Yakub,
Dén patih nyembah unjukan,
dawuh gusti sadaya askar sayagi,
sumangga karsa raja.

18. Radén patih cedok nyembah pamit,
los katangsi ngaggo kamistian,
top setar polét sérét,
miwarang nakol tambur,
upsir-upsir kornél badé ngiring gusti,
kumendang liknan (sic!) jeung sarsan,
sadaya kumpul,
sadia saparabotna,
réh ngadéngé sura tambur sejak jurit,
mantri Askar sadaya.

19. Menir Jéndral kumendang ngumendir, (sic!)
hé sakabéh sadaya balad,
isuk raja badé mios,
mapag jeng rama jeung rama (sic!) Yakub,
sabab kitu kabéh upsir,
ayeuna ditimbalan upsir opat ratus,
nu badé ngiring sarta mawa askar,
opat // réwu deui, 110
bataliun sunapan.

20. Sing sadia parabot mimis,
    ulah kosong sapinuh patrom pas,
    bekelna ulah campolé,
    saba ti dinya jauh,
    ka Kanaan tanah Ibrani,
    dalapan puluh parsah,
    tuus nu ngdangu,
    upsir bubar sadaya,
    hanteu kocap ampahna askar ti peuting,
    kocap enggeus isukna.

21. Pukul genep sordadu antri,
    jedur mariem ngabudalkeun askar,
    nu tiheula tambur meter,
    baris dialun-alun jeung kasukan tambur jeung musik,
    gedang gong beri,
    pantes ngantos kangjeng ratu,
    kocap Yusup sri Nata,
    nganggo-nganggo makuta kancana rukmi,
    cahyana matak jeblag.

XXIX. PUPUH BALAKBAK (ed.)

1. Ki Rubil Samaun Jablon jeung Lawé,
   sadayana ku raja gentos pakéan nu saé,
   maharaja geus naggo makuta rukman diobéng.

2. Anu nganggo parantos medal ka latar ti géndéng,
   ratu Yusup geus diungkulan pajeng gilap berkonéng,
   jedur mariemna ngabudalkeun balad-balad jeung jayéng.

3. Kuda onta pasuliwer tutunggangan jeung kaldé,
ribut rempeg sora gamelan tarompét,
umbul-umbul melengkung jeung bandéra ngélébét.

4. Kangjeng raja angkat nitiahan kuda diobéng,
diiringkeun ku sadaya raka-raka sadérék,
parabopati ngiringkeun wadyabala karasép.

5. Kangjeng raja angkatna énggal-énggal karényéng,
Wadya balad gumusu susurakan Mas Kornél,
tina sabab geus palay tepang jeung rama palay béh,
sajalan-jalan warna-warna kasukaan ku // ramé. 111

6. Dar dur bedil mariem na jeung sunapan reup poék,
matak waas sadayana pararja méncéréng,
diiringkeun ku serdadu balad-balad jeung gemren,
Raden Rubil tumenggu di luhur kuda jeung Lawé.

7. Ngamanahan lampah katukang nyérését,
reup geuneuk pias éra sorangan pék weléh,
hé kang rai nyata pun kakang perdosa ku gedé.

8. Kakang ulah nyanpeurkeun baé sumebér,
montong teuing dimanahan éta téh,
kuring hayang geura tepang jeung ama asa béh.

9. Ratu angkat kaluar kuta sakabéh,
nadera katingal ti kajauhan ngélébét,
bisa temen upsir natakeun balad jeung kaptén.

10. Teu pacorok serdadu ajidan sarsan néyékték,
kangjeng raja tunggang kuda sopal bodas méncéngés,
kangaggona hurung mancur mubyar-mubyar karonéng.

11. Matak sérab sadayana nu ningalan karécéng,
kasorotan ku cahya kangjeng raja lat poék,
ayeuna bujeng énggalna caritaan karényéng.

12. Kangjeng raja geus dongkap ka tegal lega nu gedé,
tunda heula sang ratu yusup jeung raka sadérék kocap rama Nabi Yakub anu angkat geus dék béh,
teu karaos angkat palay dijalan rama téh.

13. Ku bawaning tina sono ka putrana palay béh,
hanteu pégat tina manahna lawasna cumantél,
pantes putra kacinta masih nonoman lir golék.

XXX. PUPUH SINOM (ed.)

1. Éta dina tegal lega,
gegek nabi // Yakub nguping, 112
gumuruh sora nu surak,
jeung sora bedil jeung tanji,
manah kangjeng Yakub nabi,
palagsiang ratu musuh,
ngandika ka Yahoda,
hé Yahoda déngékeun bedil,
palangsiang éta musuh kapir datang.

2. Yahoda énggal unjukan,
nun dawuhan éta nabi,

leres abdi nguping pisan,
didieu ibu nabi,
jeung rayat-rayat nabi,
ngarereg heula sadawuh,
abdi rék lumpat sorangan,
ti heula badé di tilik,
bilih yaktos musuh kapir nu datang.

3. Gancangna Dén Yahoda datang,
nabi lirén di nu suni,
geus deukeut Dén Yahoda awas,
ka ratu Yusup di Mesir,
énggalna téh mulih deui,
Yahoda matur ka Yakub,
raja putra gamparan,
rai Yusup ratu Mesir,
kinten mapag diiring ku panghurmatan.

4. Sumangga kang rama angkat,
nabi Yakub jengkar deui,
muntang ka tak-tak Yahoda,
prok tepung jeung ratu Mesir,
ku Yusup katingali,
bareng areng lungsur,
sarta rék awéh salam,
turun malaikat Jibril,
sambil nyaur Yusup ulah awéh salam.

5. Hak atas Yakub nu salam,
timbalan rabbul alamin,
hak atas Yusup ngajawab,

geus deukeut Sang Yakub nabi,
ngangkat panagan Nabi,
jeung méré salam ka Yusup,
ratu ngajawab salam,
Yusup lungsur tina persi kuda,
silih rontok rama putra rarangkulan.

6. Nangis putra sareng rama,
Yusup matur welas asih,
hé gusti // salira jeng rama, 113
nangis kélangan sim abdi,
naha kacida teuing,
datang ka soca ka tutup,
teu pisan éling rama,
jaga gé mo burung panggih,
di kiamat hawa luput sasarengan.

7. Yakub nyaur bener pisan,
anu dipaké ngerik ati,
sieun Agus masih aya,
di dunya énggal agami,
tangtu moal papanggih,
di ahérat lamun kitu,
kocap sakabéh putra ngabujeng ka Yakub nabi,
jungkel sujud ka payuneun nabya.

8. Yakub sujud jeung Dén Liya,
kasaksi ku prabopati,
ibu sujud dareng rama,
sumawona sadérék sami,
gumeter tulang sandi,

Yusup ningali nu sujud,
pok matur ka ramana,
hé jeng rama ibu kuring,
inya ieu na wilan impian téa.

9. Sanggeus jedur mariemna jeung sunapan lila-lila bedil,
tegalan indit-inditan ku sora mariem bedil,
budal ka nagri Mesir,
kang rama angkat ti payun,
nitih tandu jolian,
diaping ku apsir-apsir,
sukan-sukan di jalan tanpa wilangan.

10. Dongkap kana pamondokan,
meunang ngarereb sapeuting,
pukul genep deui budal,
kitu saban-saban poé nitir,
di jalan lila teuing,
kocapkeun baé geus cunduk,
lajeng ka padaleman,
bengong lama Yakub nabi,
ningali kamuktén kaagung putra.

11. Kabéh gedung di asupan,
nu diluar nu dipuri,
nabi asup hiji tempat,
pinuh kertas nyusun tindih, //
ku nabi katingali, 114
nabi mésem nyaur hé Agus putra ama,
kertas téh loba teuing,
sabataé mun ujang turutna ama.

12. Béjana mun ujang aya,
ngaraton di negri Mesir,
Ratu Yusup matur nyembah,
éta gé nyerat sim kuring,
sedaya geus ditulis,
éta kertas anu Yusup,
sarta badé ka rama,
mangga ayeuna tingali,
sabab imut sim kuring,
ngadamel serat.

13. Menggah dina sapoéna,
mun imut sapuluh kali,
ngadamel sapuluh serat,
saupanten geus ditulis,
sumping malaikat Jibril,
turun ti langit ping pitu di timbalan ku Allah,
ngalarang ka jisim kuring,
ngahalangan ulah rék ngintun serat.

14. Nabi Yakub pok nyarita mariksa,
hanteu naros ka Jabroil,
naha kunaon sababna,
mana ulah ngirim tulis,
pihaturna Yusup nabi,
jisim kuring lepat luput,
teu naroskeun sababna ti dinya sang Yakub nabi,
tuluy naros ka malak Jibril sababna.

15. Wangsulan Jabroil Malak,

kula gé kitu deui,
hanteu naros ka pangéran,
kéheula ayeuna kuring,
rék naros ka Yang Widi,
timbalan gusti yang agung,
purwa ulah nyuratan,
tina sabab Yakub nabi,
tina mang-mang pok na sieun ku macan.

16. Ngadéngé Rubil Yahoda ngagulkeun gagah berani,
kandel atina percaya,
di dunya poho ka Kami,
kitu nu mantak kami,
nyarék nyuratan ka ratu Yusup,
Yakub sieun ku macan,
teu sieun ku siksa kami,
réh sakitu ayeuna Yakub ngarasa.

17. Yakub ngandel ka nu gagah,
dulur Yusup Samaun // Rubil, 115
hanteu tawekal ka Allah,
tungtuna pada ngagitik,
sang nabi Yakub nangis,
lajeng solat jungkel tobat, nushuhullah,
rumaos dosa pribadi,
tangtu nabi Yakub tobat.

18. Lami-lami tinarima,
ku gusti gopururrohih,
kocap dina mangsa,
nabi Yakub sami linggih,

jeung ratu Yusup nabi,
kabéh sadérék ti payun,
jajar nu ngdeuheusan,
Rubil nyembah matur tadim,
hé kang rama sim abdi enggeus nekanan.

19. Kagamparan kalakuan nu tacan kapilampah,
kanu séjén ka nu lian,
di dunya mo aya deui,
abdi pondok aya deui sang Nabi Yakub ngadawuh,
ku naon maranéhna,
ngaromong kitu ka kami,
Rubil matur mapan abdi geus doraka.

20. Ka Yusup sareng ka rama,
ku rama jeung rai-rai,
ka abdi geus nghampura,
Yakub Yusup welas asih,
ngampura pisan ka kami Rubil,
nangis barina matur,
rai sareng jeng rama,
sami ngampura jeung ka abdi,
nanging éta sadayana hanteu berguna.

21. Upanten Allah Taala,
hanteu ngampura ka abdi,
sanget panunun kang putra,
rama rai muga-muga duakeun ka Yang Widi,
manawi-manawi dikobul,
mun dua rai rama,
teu ngobul kumaha kuring,

naha baé timbalan perkawis nu sungkal.

22. Bisa ngalipurkeun dosa,
ku abdi sabudi-budi,
meureun dilampahkeun pisan,
gancangna nganu (sic!) dua nabi,
solat neneda nabi,
maca dua nabi Yakub,
Yusup nu ngaminan,
geus sapuluh taun leuwih, //
nembé milik Jibril, 116
lungsur ngabantun timbalan.

23. Ti Gusti Allah taala,
geus narima dua nabi,
ngahampura ka Rubil,
jeung ka Yahosa Samaun,
jeung sakabéh sadérékna,
ti dinya sarujud deui,
nabi Yakub jeung Yusup sujud ka Allah.

24. Sukur réh geus ditarima,
kabéh sadérék geus dengki,
geus dihampura ku Allah,
tah kitu mungguhing nabi,
nu hasud nu dengki,
ku anjeun sok ditulung,
nyuhunkeun panghampura,
batan males anggur asih,
sarta welas hawatir nyaah karunya.

25. Nabi Yusup itikadna,
ngamanah dua perkawis,
hiji nabi Hasad,
kadua sadérék pasti,
najan dengki saketi,
ku anjeuna teu digugu,
nu dialap hadéna,
buruk-buruk papan jati,
Nabi Yakub merenah didinya.

26. Jeung kabéh putra-putrana,
ngaping ratu Mesir,
linggih jeung istirahatna,
kasenagan sugih mukti,
linggih di jero puri,
meunang opat likur taun,
raja wali bin Royan,
kepengker gé hanteu lami,
asup Islam hirup sugih jeung agama.

27. Nun matak tambah asihan,
ka Yusup sésérén nagri,
sabab anjeuna geus Islam,
Yakub Royan répéh rapih,
sumawona Yusup nabi,
harita rapih teu bendu,
tara pacogrégan betah,
bérés roés nagri Mesir,
répéh senang sening sarta damang.

28. Ari basa senang éta taya karipuh karisi,

senang ngeunah mamanahan,
hanteu inggis hanteu pusing,
tetep nya sugih mukti, //
carita Yusup sakitu, 117
di dieu nu diserat,
tina arabna nun kaalih,
réa kaol nu dilarang teu dibawa.

29. Lampah diaos arabna,
ditanding bapana rapih,
éta dimeureunkeun pisan,
sabab ku kuring dipilih,
di cokot hiji-hiji nu lempeng cariosna mujur,
jeung kuring gé geus wakca,
yén kuring teu pati bisa arab,
wantu kuring urang Sunda.

30. Geus tamat wallahu alam,
moal bener kana dangding,
nulis téh bawaning hayang,
resep caritana tapsir,
peuperih teu bisa ngaji,
maca ieu ulah embung,
jeung sugan meunag luang,
anu sobar anu sedih,
ku urang téh mudu dipikir enya.

31. Anu boga tulis kaula,
teges urang Nangka Pahit,
lain asak Buniyaga,
turunan ti nini aki,

asal turunan bapa jeung nini,
ema mah asal cibiyuk,
lain asal Sudalarang,
sumawona Nangka Pahit,
anu nyerat Muhayib Nata jenenganana.